

RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premii: 1 - 30 temboeng f 1.-
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen	f 6,-	} njoewoen, kabajar, roemijin.
1/2 "	f 3,-	
3 woelan	f 1,50	

Adrèsi-poen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKAKARTA.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN.

Moegi kagatosna - Java-Instituut - Immigratie - Jatra abrit - Goeroe lan B. B. - Serat kintoenan - Pantet tinoelad - C. C. Keloet - Wasining Déwan - Ontjèn sekar gambir melati - Oerap-sari - Correspondentie.

MOEGI SAMI KEPARENGA NGGATOSAKEN.

Noewoen: ingkang sarèhning bakda lezingipoen Heer Soegiri, rikala parepatan P. K. W. 15/16-3-30. wonten ingkang dèrèng damang, pramila awit saking karisanipoen padoeka Rama J. J. van Rijckevorsel, para prijantoen ingkang nalika semanten nengganing lezing, mangka dèrèng damang, oetawi roemaos dèrèng angsal djawaban ingkang maramaken, kaparenga sami njoewoen mite-rang dateng pandjenenganipoen rama J. J. van Rijckevorsel loemantar K.W. oetawi njaosi serat pijambak, (adrès: Sint - Ignatius - College Djokja).

Wondéné wangsoelanipoen ing-gih badé tjara Djawi. Ingkang poenika moegi sami andadosna kawoeningan saha K. W. - K. W. kasoewoen kaparenga ngantarakan, manawi wonten pitakèn-pitakèn waoe.

Atas namaning Dag. Best. P.K.W. Panitra
C. H. SOEBRATA.

Ing Sw. Tm. no. 13 sadèrèk Mt. Tjantrik njarowé karangan koela bab immigratie sarta pitakèn a) poenapaa negari boten ngawisi Tjina? mlebet? kados déné bapa ingkang ngawisi kantjaning anakipoen, soepados sampoen njamboeti. b) poenapaa boten ngawisi kapitaal ingkang damel concurrentie? c) poenapaa kanggé H. I. S. ndadak ndatengaken goeroe saking negari Wlandi?

Wangsoelan: a) Koela moengel: „Boten soesah negari ngawisi immi-gratie, saoege bangsa Djawi sampoen sami njaekaken tindak, poen immi-gratie temtoe kèndel pijambak”, poenika boten ateges menging dateng negari. Manawi negari saged njowak sarta tanah Djawi ladjeng dados saja rahadjeng, poenika temtoe langkoeng prajogi. Nanging pandoege koela nagari anggenipoen nindakaken poenika boten gampang, dados boten kados bapa ingkang kaseboet ing nginggil. Bokmanawi poenika gandèng kalijan buitenlandsche politiek, kados déné roemijin Amérika ngawisi immigratie saking Djepang dateng Californie, kradjan Djepang ladjeng mampang - mampang. Mila jèn negari boten saged njowak, kita kedah pados réka sanès, inggih poenika sarana njaekaken tindak, kados oegi ingkang dipoenkarsakaken sadèrèk T. ing Sw. Tm. no. 13.

b) Koela tjotjog kalijan pamang-gihipoen sadèrèk Mt. Tjantrik tegesipoen oepami kapitaal ingkang ndjalari concurrentie dipoenawisi, tijang priboemi boten dados berah lsp. Nanging jèn ingkang dipoenkarsakaken kados toelada poenika: „Soedagar sindjang (ingkang damel Djawi, ingkang nganggé Djawi, ingkang sadé: Tjina) Tjina wani djor-djoran, wah kendit ringgit” poenika negari boten saged nindakaken, awit angger tijang sami djor-djoran. Djawi sami Djawi, Tjina sami Tjina lsp.: angger ingkang satoenggal laris, sanèsipoen boten, sanèsipoen waoe bentèr, ladjeng tékadan djor-djoran. Mendet oepami pabrik pabrik ès ing Magelang, Ngajodja, Sala, inggih kerep djor djoran. Samangké B. P. M. djor-djoran kalijan mengsahipoen, andadosaken benzine mirah, nanging B. P. M. motjoti tijang katah. Memelas! Nanging negari boten saged élik - élik, amargi B. P. M. mradini djagad!

Bab kapitaal ngamantja! kapitaal poenika toemrap adjenging ekonomi perloe sanget, mila boten gampang kakésahakaken. Kados déné N. I. S., oepami boten wonten kapitaal, ngrekaos sanget kekésahan oetawi dedagangan. Namoeng kémawon negari kedah ngésahaken kapitalisme, awit poenika awon.

Ngawisi barang ngamantja mlebet (invoer) poenika oegi boten gampang, awit negari ingkang sampoen njobi poenika, ladjeng moendoer.

PRADJA RAHAJOE

IMMIGRATIE.
 (Wangsoelan.)

Ing Sw. Tm. no. 13 sadèrèk Mt. Tjantrik njarowé karangan koela bab immigratie sarta pitakèn a) poenapaa negari boten ngawisi Tjina? mlebet? kados déné bapa ingkang ngawisi kantjaning anakipoen, soepados sampoen njamboeti. b) poenapaa boten ngawisi kapitaal ingkang damel concurrentie? c) poenapaa kanggé H. I. S. ndadak ndatengaken goeroe saking negari Wlandi?

Wangsoelan: a) Koela moengel: „Boten soesah negari ngawisi immi-gratie, saoege bangsa Djawi sampoen sami njaekaken tindak, poen immi-gratie temtoe kèndel pijambak”, poenika boten ateges menging dateng negari. Manawi negari saged njowak sarta tanah Djawi ladjeng dados saja rahadjeng, poenika temtoe langkoeng prajogi. Nanging pandoege koela nagari anggenipoen nindakaken poenika boten gampang, dados boten kados bapa ingkang kaseboet ing nginggil. Bokmanawi poenika gandèng kalijan buitenlandsche politiek, kados déné roemijin Amérika ngawisi immigratie saking Djepang dateng Californie, kradjan Djepang ladjeng mampang - mampang. Mila jèn negari boten saged njowak, kita kedah pados réka sanès, inggih poenika sarana njaekaken tindak, kados oegi ingkang dipoenkarsakaken sadèrèk T. ing Sw. Tm. no. 13.

b) Koela tjotjog kalijan pamang-gihipoen sadèrèk Mt. Tjantrik tegesipoen oepami kapitaal ingkang ndjalari concurrentie dipoenawisi, tijang priboemi boten dados berah lsp. Nanging jèn ingkang dipoenkarsakaken kados toelada poenika: „Soedagar sindjang (ingkang damel Djawi, ingkang nganggé Djawi, ingkang sadé: Tjina) Tjina wani djor-djoran, wah kendit ringgit” poenika negari boten saged nindakaken, awit angger tijang sami djor-djoran. Djawi sami Djawi, Tjina sami Tjina lsp.: angger ingkang satoenggal laris, sanèsipoen boten, sanèsipoen waoe bentèr, ladjeng tékadan djor-djoran. Mendet oepami pabrik pabrik ès ing Magelang, Ngajodja, Sala, inggih kerep djor djoran. Samangké B. P. M. djor-djoran kalijan mengsahipoen, andadosaken benzine mirah, nanging B. P. M. motjoti tijang katah. Memelas! Nanging negari boten saged élik - élik, amargi B. P. M. mradini djagad!

Bab kapitaal ngamantja! kapitaal poenika toemrap adjenging ekonomi perloe sanget, mila boten gampang kakésahakaken. Kados déné N. I. S., oepami boten wonten kapitaal, ngrekaos sanget kekésahan oetawi dedagangan. Namoeng kémawon negari kedah ngésahaken kapitalisme, awit poenika awon.

Ngawisi barang ngamantja mlebet (invoer) poenika oegi boten gampang, awit negari ingkang sampoen njobi poenika, ladjeng moendoer.

MULO KATHOLIEK
 ING
 JOGJAKARTA LAN ING SOERAKARTA.

- 1) Para moerid ingkang badé nglebeti **Voorklas** oetawi **Klas I** moegi sami njaosana priksa doemateng Dirèktoering pamoe-langan waoe. Kanggé ing Soerakarta adrèsi-poen: **BROEDERAN KOESOEMAJOEDAN; kanggé ing Jogjakarta KAMPEMENTSTRAAT 17.**
 - 2) Menggah moerid ingkang katampi:
 - a. kedah mbekta oetawi ngintoenaken *verklaring* saking pangagenging pamoeolangnipoen.
 - b. adrèsi-poen ingkang tjeta.
 - c. panampinipoen moerid doemoegi tanggal 1 Juli.
 - 3) Déné laré ingkang boten gadah *verklaring* badé dipoen-eksamen: kanggé ing Soerakarta, èksamenipoen bédjeng tanggal 1 lan 2 Mei wonten ing pamoeolangan Mulo ing lodji ingkang poengkasana **ACHTERSTRAAT; kanggé ing Jogjakarta bédjeng tanggal 28 lan 29 April** wonten ing pamoeolangan Mulo **KAMPEMENTSTRAAT.**
 Kanggé ing Soerakarta, sadèrèngipoen tanggal 30 April sasampoena njaosi priksa doemateng adrès kaseboet nginggil; kanggé ing Jogjakarta sadèrèngipoen tanggal 27 April.
 - 4) Bab bajaran sekolah mitoeroet pranatan Goepermèn.
 - 5) Ing pamoeolangan R. K. Mulo poenika dipoenwonteni woelangan *basa Engelsch, Fransch, Duitsch, Djawi, Mladjeng lan gymnastiek.*
 - 6) Déné woelangan *Agami* boten dipoenwadjabaken.
 - 7) Wiwit tanggal 1 Juli R. K. Mulo ing Soerakarta, pindah wonten ing tilas „*Hotel Döhne*”, satjelakipoen Goepernoeran.
- SECRETARIS CANISIUSSTICHTING.**

Dados saénipoen, bangsa Djawi tjantjoet, poenapaa-poenapaa intensief, oepami sabin waoenipoen ngedalaken 30 datjin, kadamela 50 sarana kagara-p tjara pamoeolangan, mawi lemi lsp.

c) Sabab poenapaa H. I. S. boten tjekap nganggé goeroe K. S. oetawi H. K. S. poenika negari inggih kè-wedan, djalaran sawenèhipoen bangsa Djawi pijambak wonten ingkang moengel: sinaoe basa Wlanda koewi jèn arep betjik, ija karo wong Wlanda. Poenika soemangga.

Bab pitakènipoen sadèrèk T.: kab-bar sriwing - sriwing tijang Djepang mriki badé ndinggil. Poenika jèn negari ngertos, temtoe dipoenkésah-aken, saminipoen jèn negari ngertos: iki kommoenis, inggih dipoentoelak. Nanging kados makaten poenika angèl. Negari boten maha - wikan. Tjonto ing Belgi roemijin, sareng perang saweg ngertos jèn ing ngrikoe katah teliking mengsah, malah kaart damelaning mengsah langkoeng ndjil-met tinimbang damelan Belgi. Kados sampoen tjekap atoer koela.

— Poen P. D.

JATRA ABRIT (BANK DOESOEN).

Reraosanipoen tijang doesoen: Lah jatra abrit raosipoen inggih bentèr.

Sampoen radi antawis lami jatra abrit toemoeroen dateng doesoen Pengasih lan sakiwa tengenipoen. Lah inggih jatra, barang étja, sedjangan soepados dipoensamboeti % ning sareman boten sapintena, panjaero-ipoen sakétja (nitjil), tamtoe kéma-won sadèrèk doesoen ladjeng sami koemroeboet njamboet. Bab tatananing panjamboetipoen manawi poendi-poendi sami kémawon; para maos mangsa kekilapana. Namoeng bab panjaeroipoen, para penjamboet sami pating gedabig, margi jatra katen poenika boten kénging di-poensemadosi. Sanadjan njamboet jatra waoe sampoen nganggé tang-gelan, inggih poenika ingkang ka-tanggalaken limrahipoen witipoen klapa; nanging kawoeningana sadja-tosipoen witipoen klapa sampoen kadjagékaken kanggé soembang-soeroenging kabetahan saben dinten, sawenèh wonten ingkang sampoen kagantosaken. Dados manawi noe-djoé nitjil witipoen klapa sampoen boten kénging kamélik, sampoen boten wonten ingkang kénging ka-oendoeh, ladjeng kapeksa nggan-tosaken barang darbèkipoen, ingkang bédjeng badé rekaos pane-boesipoen, makaten waoe toemrap tijang ingkang gadah barang wantji goemadé. Ingkang boten gadah

barang ladjeng tékadan nradjang njamboet dateng Tjina mending ingkang panjaeroipoen badé saja rekaos sanget, poenapa sababipoen dipoentradjang, margi kapeksa; adjrilih manawi boten nitjil (njaero) jatra abrit. Tijang ingkang katelasan akal anggenipoen pados samboetan la-djeng sami njadé gegadahanipoen ingkang boten salarasipoen dipoen-sadé (piring, tjangkir tjekakipoen kabetahanipoen tijang gegrija padin-tenan). Sawenèh wonten ingkang negori witipoen klapa kasadé, la poenika ingkang badé sanget ang-genipoen damel risak, nanging kad-os-poendi malih tijang sampoen kapeksa. Ingkang kasebat sadaja waoe rekaosipoen namoeng badé kasandang pijambak déning poen penjamboet, poenika boten poena-paa, tijang sampoen katamah pijambak, wangsoel ladjeng damel boten tentremipoen tijang nenanem lan ingah-ingah. Awis tijang gadah pisang ngantos saged sepoeh lan awis tijang gadah ajam saged we-wah, ingkang makaten waoe ndja-lari tijang-tijang boten saged tilem kanti sakétja, margi kapeksa ndjagi taneman lan ingah-ingahanipoen ingkang tansah dipoenindiki - indiki, badé dipoenréntjangi panèn lan anggenipoen ingah - ingah. Ingkang poenika moegi kawontenan makaten waoe kagaliha déning ingkang wadjab.

Ringin poetih.

KOEROE SÉTRA

GOEROE KALIJAN B. B.

Pangkat goeroe kalijan ambtenaar B. B. poenika loehoer poendi? Manawi badé mangsoeli pitakènan poenika satoehoe gawat, awit boten leres-leres saged adamel tjarahipoen golongan kekalih waoe. Pramila ingriki koela boten badé mangsoeli pitakèn kaseboet ing nginggil waoe.

Amoeng ingriki koela badé ngan-daraken sawatawisan rembagipoen satonggiling prijantoen goe-roe kalijan prijantoen B. B., ingkang sami rebat oenggoeling pangkatipoen.

1. Para maos toch sampoen sami mirsa, bilih pangkat goeroe poenika menggahing djaman kina klebet ing golongan Brahmana; lan golongan B. B. klebet grad katrija. Mangka oeroet-oeroetaning pepangkatan ka-la djaman semanten: 1 Brahmana, 2 Ksatrija, 3 Wésija lan 4 Soedra. Dados ingriki para maos priksa wonten poendi doenoenging golo-

OEDJIAN BOEAT CANDIDAAT GOEROE TOEKANG BESI PERTOEKANGAN JANG AKAN DIADAKAN PADA TANGGAL 11 SEHINGGA 17 APRIL 1930.

Siapa jang hendak toeroet menempoeh oedjian itoe, hendaklah sebeloemnja tanggal 5 April memberi keterangan kepada **KEPALA SEKOLAH PERTOEKANGAN DI JOGJAKARTA**, disertai keterangan: **oemoer, diploma Ambachtsschool** (pada tahoen berapa dan angka-angka kepandaian), **berapa lama dan sebagai apa ia bekerdja.**

Sesoedahnja loeloes oedjian-nja, maka candidaat itoe laloe mendjalani opleiding boeat Goeroe-goeroe sekolah pertoeangan dan mendapat toelage f 50,- seboelan.

Kepala sekolah pertoeangan di Jogjakarta.

KABAR SAKING ADMINISTRATIE SOEARA KATHOLIEK.

Noewoen, wijosipoen para sadèrèk ingkang tahoen 1930 sampoen ambajar namoeng kanggé sa-kwartaal, wiwit April boten badé dipoensowani Soeara Katholiek malih.

Déné ingkang sami badé neroesaken maos Soeara Katholiek, moegi ngandikaa dateng Administratie Soeara Katholiek (Adrès: P. P. K. D. - KANTOOR DJOKJA-). Menggah reginipoen, setahoenipoen f 3,- setengah tahoen f 1,50 lan sa-kwartaal namoeng f 0,75. Mangga ta rak boten awis!!!! Toer pandjenengan nama mbantoe kabetahanipoen gotrah Katholiek sa Indonésia.

Poen: Administrateur Soeara Katholiek P. P. K. D. - KANTOOR DJOKJAKARTA.

Siapa jang hendak toeroet menempoeh oedjian itoe, hendaklah sebeloemnja tanggal 5 April memberi keterangan kepada **KEPALA SEKOLAH PERTOEKANGAN DI JOGJAKARTA**, disertai keterangan: **oemoer, diploma Ambachtsschool** (pada tahoen berapa dan angka-angka kepandaian), **berapa lama dan sebagai apa ia bekerdja.**

Sesoedahnja loeloes oedjian-nja, maka candidaat itoe laloe mendjalani opleiding boeat Goeroe-goeroe sekolah pertoeangan dan mendapat toelage f 50,- seboelan.

Kepala sekolah pertoeangan di Jogjakarta.

SAKING PAKEMPALAN.

Koela tijang tetiga, Dirdjaoesiswa, G.L. Toegiana lan P.C. Slamet Dwidjaoewana tinangganah niti priksa kawontenanipoen arta P.K.W. ing taoen 1929 lan taoen 1930, wiwit 1 Januari doemoegi 16 Maart, pinanggih leres. Menggah kawontenanipoen arta kados ing ngandap poenika.

LEBET WEDALING ARTA P.K.W. ING TAOEN 1929.

ARTA MLEBET:		ARTA MEDAL:	
Saldo taoen 1928	f 58 48	Wragad telegram-telegram lan serat-serat	f 16 91
Arta contributie saking:		Wragad lampahipoen Dag. Bestuur P.K.W. ndjeng nengi madegipoen van Lith-Stichting ing Moentilan	f 8 50
K.W. Ambarawa	f 11 25	Dateng Drukkerij Canisius panoembasing blangko jaarverslag lss.	f 7 75
Magelang	f 7 50		
Moentilan	f 18 72		
Ngajodja	f 15 45		
Klatèn	f 14 28		
Solo	f 18 48		
Poerwardja	f 4 90		
Keboemèn	f 4 68		
Blitar	f 0 84		
Arta pandjoeroeng saking:			
K.W. Semarang ingkang kedah toemandja dateng Priesterfonds + Jeugdorganisatie	f 5 —		
K.W. Keboemèn ingkang kedah kapoendoet wangsoel	f 5 85		
Arta P.K.W. saking Rama Oosthout ing Moentilan	f 137 —		
Goenggoeng	f 302 43	Goenggoeng	f 33 16

Dados saldo 1929, wonten f302,43 — f33,16 = f269,27.

PAREPATAN WARGA „K. W.” BLITAR, TANGGAL 9 - 3 - '30 WIIWIT DJAM 10.30 — 2 SIJANG.

Parepatan dipoenbikak pangarsa, kalijan ngloehoeraken asmaning Pangaran.

Inggah rawoeh warga 8, tamoe 4. Rama Paran-para kepeksa rawoeh telat, lan panitra, margi sakit, boten saged nenggani parepatan. Inggah njoelihi sadèrèk R.A.J. Adiwardaja. Warnaning Agènda makaten:

1. *Pamboeka.*

2. *Maos notulen:* pinanggih leres, sarta ladjeng teroes kaabsahaken.

3. *Maos voorstel-voorstel K.W. Blitar, dateng P.K.W. Gandéngan kalijan pisahing Sw. T. lan Sw. Kath.,* voorstel bab Sw. T. dados dagblad katjaboet. Makaten oegi bab zetel pangreh ageng P.K.W.

4. *Oetoesan:* Poenika saestoe kawoerengaken.

5. *Spaarclub: a) Ngabsahaken statuten.*

Rèhning statuten pinanggih déning para warga roewet lan kirang maremaken, boten saged ngabsahaken. Roeweting statuten, djalaran wonten tetemboengan sawatawis ingkang kirang tjeta; mangka ingkang ngasta damel boten rawoeh. Statuten kapasrahaken pangreh K.W., soepados kasaekna.

b) *Pilihan bestuur.*

Margi ing nginggil, poenika boten saged toemindak.

6. *Njoewoen pastoe kanggé tijang Djawi.*

Nalika ngrembag poenika Rama Paran-para sampoen rawoeh. Rama njondongi sanget dateng ing bab poenika, nanging koewatos bok bilih boten saged énggal kaparingan, djalaran saking kiranging pastoe. Rama voorstel moegi K.W. damela serat ingkang katapakana asta para tijang katolik Djawi ing Blitar sadaja. Sadaja roedjoek. Sasampoenipoen poenika pangarsa nerangaken, poenapa sebabipoen wonten panjoewoen poenika. Inggih poenika:

1. Margi wohipoen Missie ing Blitar sampoen katah.

2. Soepados Rama ngertos saestoe dateng wewatekan kita.

3. Soepados kita sampoen dados sambèn, sampoen ngantos kabédakaken.

4. Soepados dawoeh saged moerni, tegesipoen: boten mbal - toemimbal ingkang

soepados kénginga dipoen-oegemi.

Kadjawi poenika sadèrèk Adiwardaja voorstel, soepados sadaja dawoeh kaserata, moerih Rama sampoen kasoepèn, margi katahng padamelan. Sadaja roedjoek.

7. *Kerkbestuur:* Kagalih dèrèng preloe, margi dèrèng wonten Grédjanipoen.

8. *Sekolahan:* Rama ngandaraken jèn woelan poenika mbikak sekolahan doesoan tiga lan voorstel soepados kita ngamping-ampingana sekolahan waoe, soepados saged madjeng. Lan sinten ingkang priksa pang-génan ingkang saé kanggé sekolahan moegi matoera Rama. Sadèrèk R.C. Hardjaoedalsa matoer jèn dawoehing rama badé kaestokaken, djer panggénan ingkang kaatoeraken saestoe kaadegan sekolahan. Jèn makaten badé tetoeloeng klajan temen-temen.

Sadèrèk M.S. Brotosoedirdjo voorstel, moegi kawontena cursus goeroe doesoan, amargi kagalih manawi ndatengan goeroe doesoan saking Ngajodja oetawi Moentilan, ketebihen. Sadaja roedjoek.

9. *Pangajoman K.W. Margi Rama kepeksa tindak malih, poenika kapasrahaken pangreh, soepados sarembag kalijan Rama.*

10. *Rondvraag:* Sadèrèk Brotosoedirdjo njoewoen katerangaken bab pangoeboeripoen tijang Katolik ingkang tebih pastoe. Poenika katerangaken gambalang. Déné sadèrèngipoen tijang waoe pedjah, prajogi ngatoeri pastoe; poenika temtoe rawoeh.

Wantji djam 2 sijang parepatan katoetoep kanti wilodjeng.

Verslaggever.

Awas!!

Mitoeroet Sw. T. no. 12. tg. 21-3-30: bagéan verslag parepatan taoenan P.K.W.: ingkang kaping 2 tg. 16-3-'30: bagéan B: (oesoel-oesoel): wonten ingkang klintoe sakedik. Ing ngrikoe kaseboetaken: tjatjahing K.W. - K.W. ingkang roedjoek kalijan oesoel bestuur P.K.W.

Poerwordedjo—klebet ing golongan roedjoek, poenika lepat: leresipoen boten roedjoek, Dados K.W. ingkang boten roedjoek: 1 Semarang. 2 Poerwordedjo. 3 Soerabaja.

Ah! sanadjana makaten, nanging B.B. poenika rak dados pemimpin ingkang volk, ngoedi saéning économie, katentremen lsp.

Saking pihak goeroe ndébat: Ambtenar B.B. dados pemimpin volk? (artosipoen dados pemimpin ingkang sadjatos: pembela ra'iat!) Malah goeroe ingkang dados pemimpin; inggih poenika moelang laré-laré soepados sami anggadhahi kapinteran roepi-roepi, kanggé sangoe gesangipoen, soepados gampil milih pakarjan poenapa ingkang dipoen-senengi. Andjawi saking poenika goeroe ndidik laré-laré manodjoe dateng lampah kaetamèn, amrih saé kelakoeanipoen, soepados dadosipoen tijang inggih oetami, alias rahadjing-entrem gesangipoen!

Koela poenggel samanten kémawon anggènipoen mbèbèr prakawis rebatan loehoer waoe! Awit pihak salah satoenggal sami déné boten poeroen kawon, nggegeki pamang-

gihipoen pijambak-pijambak. Kanggé kejakinan koela: kalih-kalihipoen badé kados-poendi, sami déné ka-oem berah, liripoen abdingng Kg. Goepermen. Menggahing loehoeripoen padamelan jèn mila sami déné anggènipoen ngemen-emenaken wadjiipoen inggih sami aosipoen! Amoeng kémawon rèhning bangsa B.B. poenika kasinoengan pangoe-waos mréntah, dados katingal mact-ipoen dateng volk. Malah aosing pakarjanipoen, jèn koela tingali mawi katja praksana, jèn ingkang mastani waoe boten memihak poendi-poendi, pakarjaning goeroe dawah wonten ngadjeng. Tjoba sami kapanggaliha, minteraken laré, njaekaken kelakoeaning laré, poenapa sanès pakarjan oetamaning-oetama poenika? Tjekakipoen goeroe poenika ndasari (damel pandemèn) tjalon bangsa, inggih laré-laré waoe! Apes-apesipoen pihak B.B. kedah berterima-kasih dateng pakarjaning goeroe, djer margi pamoelangipoen goeroe dateng sang tjalon bangsa, bédjing dadosipoen tijang sepoe (madeg bangsa) saged saé oetami gesangipoen, alias gampil rèh-rèhanipoen! Noen!

Nanging goeroe inggih boten saged nindakaken pakarjanipoen kanti saestoe, jèn sepen saking pamban-toenipoen pihak B.B. Mila gampil-anipoen kalih golongan waoe kedah toemindak sesarengan, kanggé ndjanga karahadjinganing volk. Goeroe mondamèni batosing laré; B.B. ingkang ngoeroesi soepados

VAN LITH-STICHTING.

POENAPA
pandjenengan
sampoen
ngintoenaken
CONTRIBUTIE?

Pangreh V. L. S.
BIJZ. H.I.S.
MAGELANG.

para tijang sepoe sami sregep nglebetaken anakipoen! Malah jèn perloe, goeroe boten badé wegah ngandaraken pigoenanipoen sekolah wonten ing ngadjenging tetijang doesoan! Pitoeloengan saking pihak B.B. waoe, bédjing badé kaendoeh pijambak!

Mila boten preloe oedoer loehoer-loehoeran, aloewoeng sesarengan nindakaken pakarjan... (symbiose) sami déné pikantoeipoen!

Anamoeng kémawon rèhning pihak B.B. poenika katah ingkang dados warga koemis sekolah, dados katah ingkang eer-ipoen dateng goeroe... kirang, awit ngroemaosi jèn..... ngerèh goeroe! Mangka sadjatosipoen inggih leres „kebah-wah,” ning boten „kapréntah.”

Mila inggih „tahoe sama tahoe.” Taklim koela

SERAT KINTOENAN.

Ladjeng badé kados-poendi?

Congrès P. K. W. sampoen kapengker. Koela boten badé merslag, djer sampoen kaperslag. Nanging kémawon koela koemedah-kedah nglairaken gagasan koela toewin njarijosaken indruk-ipoen (pakempalan) congrès dateng badan koela. Bakda congrès koela ketoewoehan pikiran: poenapa pakempalan kita sampoen ageng, kijat anandangi pakarjanipoen? Pakarjan ingkang kalebetaken ing program?

Tjobi kagatosaken! Pakempalan poenika sagedipoen kijat, manawi para warga saijeg, saéka kapti, ngrompol dados satoenggal, ngertos pandamelanipoen pijambak-pijambak, toer jèn perloe poeroen ngetog-karosaniipoen ngerbanaken baos soekoe toewin bandanipoen. Ngoerbanaken baos soekoe lan kakijatanipoen sadèrèk Katholiek boten wegahan, katanda saking saé sana rantjanging pandamelan, oegi ing sadjawning pakempalan (kalangan) kita. Ngoerbanaken banda? Inggih poeroen; ananging poenapa sampoen ngetog karosaniipoen?

Para sadèrèk! Wonten ing poendi-poendi wékdal sapoenika (mangsa malaise) rembag économie dedreg sanget; économie sekolahan; économie ing landbouw, économie ing salebeting grija, économie ing padagangan. Saking kiwa tengen kapi-reng bab djèk-djèking économie; dados tetéla jèn économie poenika perloe; zonder économie boten sa-

SADAJA-SADAJA BOTEN MATON.

WASISING DÉWAN.

Serat kabar Déwan (Redaktoeripoen: Maradja Sayuti Loebis) poenika wasis omong ingkang tanpa waton, tandanipoen: damel openbrief (serat bikakan) dateng Rama Satiman. Serat waoe boten pantes jèn dipoenwangsoelana déning Rama Satiman, mila koela kémawon ingkang badé ngrembag. Toewan Maradja moengel makaten:

1e. Akoe ana ing Ngajodja ngedegaké kantor kanggo „Zending-Islam” perloené jèn ana bangsané déwé kang kawroehé marang agama Islam lan Kristen koerang, bisaa oleh katrangan. Kleresan! kawroeh koela bab agami Islam taksih kirang sanget, kadosta bab wajoeh, koela dèrèng damang saestoe.

a) Ing Sri Santri Djamsarèn moengel: „Manoet agama Islam, wong ikoe koedoe wajoeh, jèn ora wajoeh bandjoer ala kaja Éropah.”

b) Ing Correspondentieblad wonten ingkang njarijosaken, jèn manoet agami Islam sadjatosipoen kedah monogamie. (boten wajoeh) c) Ing Sri A. Zakaria moengel: Manoet agama Islam polygamie (wajoeh) disowak oetawa dianakaké ikoe mawa² kaanané kono. Bokmanawi kadjeng-igoen: nèk oro bisa nragadi, kados limrahipoen tijang ingkang pamedalipoen sakedik, koedoe kasowak, sebab moendak koerang adil. Toemrap kang soegih, mangka hawanepsoené gedé, toer akèh wong wadon kang ora doewé bodjo, ing kono koedoe dianani wajoeh.

Jèn makatena wonten piwoelang warni-warni, béda kalijan ing agami Katoelik, namoeng sawidji, ing sadjagad, wiwit kina doemoegi sapriki piwoelangipoen: ora kena wajoeh. Bok ratoe sisan, ija ora kena wajoeh. Saking kentjenging discipline (tjara pakempalanipoen makaten: partijdiscipline) ngantos Hendrik VIII ing tanah Inggris njempal, inggih boten dipoen-gondéli.

Sapoenika koela njoewoen priksa dateng Maradja Sayuti Loebis: piwoelang warni tiga kados ingkang kaseboet ing nginggil poenika poenapa leres sadaja? Jèn lepat, kados-poendi leresipoen? Jèn Maradja Sayuti Loebis moetoesi: Beneré ngéné, poenapa pandjenenganipoen onfeibaar? (= nirmoga = Ar....*) poenapa Rama Redaktoer?

Babagan agami Katoelik, jèn wonten kirang terangipoen angoer njoewoen priksa Rama Satiman, awit Rama Satiman poenika sasampoenipoen medal saking Kweek-school, ladjeng sinaoe ing gymnasium Turnhout (Belgi) ladjeng pindah gymnasium ing Nijmegen (Wlandi), noenten teroes sinaoe philosophie 3 taoen, theologie 4 taoen. Poenapa Maradja Sayuti Loebis oegi ngertos basa Latin? Awit nji-

naoe agami Katoelik poenika jèn ngertos basa Latin, prajogi.

Maradja Sayuti Loebis moengel: 2e. Wong Indonesia jèn arep ngrasoeq agama, koedoe takon disk apa agama ikoe migoenani toemrap mardikané Indonésiah apa ora? Poenika pitoetore anèh, awit agami (ngabdi Goesti Allah) poenika toedjoenipoen tijang ngagesang, sareng politik poenika namoeng srana, dados boten kénging dipoenwalik.

Poenapa Maradja Sayuti Loebis pijambak inggih naté moengel: Akoe gelem Islam, ning nèk diparingi soegih. Temtoenipoen: soegih mlarata ija Islam. Dados andjanga politik oetawi kamardikan poenika boten sarana agami, saranaipoen wonten sanès. Agami Katoelik boten pisan-pisan ngawisi tijang pados kamardikan, anggeripoen boten sarana ngamoek tanpa nalar.

3e. Bishop Thomas C. Darst ing Amerika moeni: Kerk ikoe padané club, pastoe-pastoe enggoné njamboet gawé moeng amrihé olèh dollar (doewit). Goemoen koela, déné Maradja Sayuti Loebis ngandelan, tijang wasis teka boten critisch. Poendi ta ing ngriki wonten pastoe gadah pabrik? Poenapa koela kénging moengel: „Pengoeloe ki sok olèh doewit djakat, nèk ngono enggoné dadi panggoeloe koewi moeng perloe golèk doewit.” Rak boten. Oepami wonten penggoeloe ingkang nindakaken makaten, koela dèrèng kénging ladjeng moengel: Jèn ngono Pastoe ija ora béda.

4e. Bab wadat Maradja Sayuti Loebis moengel: Hem, Pastoe Satiman, apa koetjing bisa lali marang tikoes? Dadosipoen: zoolés de waard is, vertrouwt hij zijne gasten (= ditepakaké awaké déwé). Jèn tjara Katoelik wadat poenika boten bangsa mokal. Wiwit djamanipoen Sang Kristoes, sampoen wonten wadat. Samangké ingkang wadat éwon. Wadat tjara Katoelik poenika boten ateges „ora omah-omah” tok. Jèn makaten koepoe-koepoe poenika inggih wadat, golongan Pastoe! Kalijan malih tijang teka dipoensamèkaken koetjing. Koetjing poenika dateng poendi kémawon temtoe poeroen neda tikoes. Poenapa Maradja Sayuti Loebis wonten ing poendi-poendi inggih makaten tjara koetjing? É nèh njamari banget!

Sampoen samanten kémawon, awit sampoen tetéla, jèn Maradja Sayuti Loebis boten nganggé waton.

„Tilas moerid Moentilan”

*) Kados ingkang pandjenengan karsakaken poenika Arabipoen: ma'soem min algalath. Temboeng 'ismah asring dipoentegesi „onfeibaar” nanging poenika ateges „ora bisa dosa” (tjara Inggris: continence and freedom from sin). Red.

ged ébah; zonder économie jejasan poenapa kémawon boten badé les-tantoen. Kados déné brajat poenika dedasaring gesang sesarengan, liripoen: manawi gesang brajat saé, maatschappij inggih saé, samanten oegi oeger économie saé, pakempalan inggih toemindak saé.

Pakempalan (toemindak) saé poenika kados-poendi? — Manawi

1. noemoesi (ndadosaken) saéning gesang rerajatan.

2. Njaekaken tindak tandoek ing sadinten-dintenipoen.

3. ngindakaken kasoesian lan sampoernaning gesang rohani.

Poenapa tijang Katholiek sampoen roemaos katoemoesan prebawanipoen pijambak? Sampoen ngoendoeh wohipoen? Soemangga katiti priksa pijambak, mangké angsal-angsalanipoen kados-poendi.

Ananging saking pamanggih koela pijambak, kok dèrèng nama sembada; nitik ingkang toemandang djempoldjempol makaten, pakempalan gadah jejasan satoenggal kémawon, kok kapeksa mbibrah. Poenapa sampoen koewalahan? Mangka jasan waoe (boten koela tjatakaken, kersaa, maos Sw. Tm. no. 12. katja 3, kolom 1, oesoel 1) perloening perloe, toer minangka dados dedamel kanggé nangkis panempoehing mengsah. Kétjalan barang makaten poenika ombjakipoen ngrikoe: soesah: ananging wangsoelan ingkang mawoerahan: moepakat, moepakat: nalika toewan voorzitter ngandika: poenapa sami,.... manawi.... kapasrahaken....? poenika nélakaken getoenipoen?? Inggih soemangga!

Poenapa ingkang dados sebabipoen déné ngantos doemoegi semanten? — Poenika kapeksa, margi sampoen boten saged. — Poenapa inggih sampoen tita boten saged? Sampoen mesoe sarira, ichtijar sajektos? — Bijèn woes ora bisa. — Lah poenika rak roemijin; sareng sapoenika: apes tijang Katholiek rak sampoen mindak tjatjahipoen katimbang 8 taenan kapengker.

Mangka manawi badé madjeng, awatak satrija, ingkang roemijin boten saged, sapoenika kedah kaeddi saged; de aanhouder wint: badé kados-poendi, manawi ngajati poenapa-poenapa kanti gambiraning manah, nanging samangsa manggih (oetawi saweg badé manggih) ribered kémawon, ladjeng moendoer?

Ija: sijng moeni-moeni mengkonko ikoe djadjal kon-nandang, bisa apa ora! — Lo, jèn koela pijambak genah boten saged, tijang badan satoenggal. Ananging manawi kita sadaja sami sesarengan, ngemen-emenaken sajektos, temtoe saged.

Sanadjan saiki salin sing kagoengan, rak pada baé karo bijèn. — Boten sami jèn saking pamanggih koela. Sebab manawi ing bédjing toemindakipoen lestantoen, poenapa inggih koela sami, ingkang badé angsal pangaleman saé? Poenapa inggih koela sami, ingkang sapoenika loemoeh nandang, saged pentèntèngan tjarijos: goelo, jasané wong Katholiek Djawa? — Emoh poeloeté kok arep mangan nangkane. Poenapa saé: „pronken met andermans kleeren.” Lo, poenika dèrèng poenapa; sebab ingkang gadah (nandangi) bapakipoen pijambak. Ananging poenapa boten badé wonten oengel-oengelan: kok ora bisa mran-tasi apa-apa? Nginggil taksih njekad-jeng: samangsa-mangsa isih kena disoewoen (rede: voorzitter); makaten poenika: namoeng badé nenoen-toen kita, soepados tjakoet ing damel, pados kapawiran.

K.W. Solo sampoen koela alem, awit moetoes: ora lega, ora lila... Ananging sareng wonten ing congrès kok ketepoes: *) „moepakat.” Poenika waoe sadaja boten nama, panjéda, babar pisan boten, namoena, gagasan. Namoen poenika, njoenil: woen pangakasama.

Penonton.

*) Sanadjan badé nggegeki pamanggihipoen, inggih tanpa daja, tijang kawon setem. Red.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWËT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjeng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMH GIDNG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP” **MALIOBORO**
soedah terkenal berapa banjak poeloehan taboen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” **DJOKJA**
tanggung beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Kala Kemis éndjing tanggal 30-3-'30
koela kaparingan adi djaler, nama:

ADMIRAL.

Koela poen
DJËNDRAL.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang special die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggung sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
- permainan boeat anak - anak ketjil. -

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

Adrèsing Dag. Bestuur P. K. W. énggal.

Pangarsa: R. F. SOEMADISASTRA
Lodji Wétan - Solo.

Secretaris: R. C. H. SOEBRATA
Grobagan - Solo.

Penningm.: J. B. DJAJAOETAMA
Petétan - Solo.

TJËT GILAP wedalan **FRIELING** model **A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJËT GILAP model **B.** kanggé ndjawi lan nglebet
namoeng kantoen ngagem; **sablèg netto 10 kilo: f 8,50;**
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJËT R. B. FRIELING,
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang 7.	Pemalang 7.30.	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6-7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6.-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Poerworedjo 7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Pontianak 7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari 7.30.	Sambas 6-8.30.	Tegal 7.30-9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30.	Sawah Loento 7-8.30.	Tjilatjap 7.30.
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Kota Baroe 6-7.30.	Moentilan 5-6-8.	Sedjiram 5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Djombang 7.30.	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates 7.
Fort de Kock 7.30.	Ngawi 7.30.	Gedangan 6-8.	Weltevreden:
Gandjoeran 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Bangkong 6.30-8.30.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gombong 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.30.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Keboemèn 7.30.	Pajakombo 7.30.	Randoesari 7-9.	Wonosobo 7.30.
Kediri 7.30.	Palemboang 7-9.	Singkawang 6.30-9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Pasoeroean 7.30.	Soekaboemi 6-7.30.	
Koeta Radja 6.30-8.		Heuvel 5.30.	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

djeng njerep-njerepaken malih bab saé lan preloenipoen mawi Wilhelmus. Sareng katawis moerid-moerid boten sami moepakat namoeng mligi ngoengelaken pambagja Wilhelmus, toewan B. ladjeng mborongaken prakawis waoe dateng para siswa. Déné manawi katah ingkang boten tjotjog inggih kados - poendi malih, nanging laré-laré kedah mangertos pijambak.

Djam 5 toewan B. miterang pikantoe wangsoelan boten moepakat. Toewan B. moering, lan akèn soepados prakawis poenika dipoen-pikir malih ingkang saéstoe. Boten antawis dangoe para siswa njaosi katrangan: taksih boten moepakat. Toewan B. saja moering, ladjeng lapoer directeur C. Noordenbos. Dirèktoer poenika, inggih moering, ladjeng tilpoen dateng resident ngatoeri priksa prakawis poenika, sarta kasoewoen sampoen ngantos ngrawoehi pésta waoe. Dateng prijantoen-prijantoen ageng sanèsipoen, poenapadéné Walandi-Walandi ingkang pikantoe oelem, inggih dipoen-djawi soepados boten dateng. Malah baboed ingkang kasamboetaken para siswa kanggé kapreloewan waoe, dipoenpoendoet wangsoel inggih margi boten sami poeroen mahargja Wilhelmus. Margi baboed poenika, para siswa mangretos bilih goeroenipoen moering saéstoe, mila ladjeng manggih toewan B. tjarijos manawi poeroen ngoengelaken Wilhelmus. Toewan B. tjarijos manawi prakawis poenika sampoen keladjeng katoer resident, mila kaprajogékaken soepados kéngkénan sowan resident njaosi pirs manawi sampoen poeroen ngoengelaken lagoe Wilhelmus poenapadéné njoewoen pangapoenten, sarta njoewoen soepados resident kapareng rawoeh. Kéngkénan pikantoe doedoeka,

nanging ladjeng kaparingan pangak-sama mawi dipoendjandjèni prakawis poenika kaanggep sampoen rampoeng boten wonten poenapa-poenapa; nanging karsanipoen resident moendoet soepados anggènipoen njoewoen pangapoenten waoe loemantar seraf. Dawoeh soepados njoewoen ngapoenten inggih dipoen-éstokaken.

Ing pista waoe tamoe prijantoen-prijantoen ageng toewin Walandi ingkang dateng boten sapintena, malah wonten ingkang namoeng sakedap ladjeng wangsoel. Para leeraar ingkang boten dateng kalih, poenika ingkang satoenggal directeur sakolahan.

Dados, dipoenwartosaken Mosviba Madioen gadah padatan mahargja rawoehipoen pangageng mawi Wilhelmus, poenika boten njata! Malah nalika ingkang Witjaksana kala taoen kapengker ngrawoehi Osvia inggih boten kabagékaken Wilhelmus, nanging kinoermatan tjara Djawi mawi lagoe moenggang; éwadéné inggih boten wonten raos poenapa-poenapa!

Prakawis Indonesia Raja dipoen-wartosaken badé kaengelaken minangka gegentosipoen Wilhelmus, poenika inggih boten njata malih. Leres wonten soewanten ngoengelaken sasanti Indonesia Raja, nanging poenika sedyanipoen kaengelaken sabakdanipoen Wilhelmus; ingkang makaten waoe kanggé njoeda ésem-ing sanès golongan. Dados sedy namoeng ngoengelaken Indonesia Raja tok, poenika boten wonten!

Wonten ingkang ngabaraken, resident tampi kabar officiel saking pangrèh „Mardika Oetomo” boten badé mahargja pandjenenganipoen mawi Wilhelmus. Kabar poenika boten njata, awit sasambetanipoen para siswa kalijan resident na-

moeng a). Ngatoeri seraf oelem: b). Ngintoenaken kéngkénan: c). Ngatoeri seraf njoewoen pangapoenten!

Makaten sadèrèk, katrangan-katrangan saking Marfi Kasantosan. Mangga dipoentitosi, pawartos poendi ingkang leres.

Arta sawelas èwoe laroet.
Aneta saking Malang martosaken bilih Prawirasstra beheerder pagantosan Kesamben konangan anggènipoen njalingkoehaken arta f11.000. Prijantoen poenika waoe anggènipoen ngawoela Nagari sampoen 24 taoen. Arta samanten poenika dipoentelasaken kanggé main salebetipoen nem minggoe.

Goepernoer Djawi Tengah.
Wiwit tanggal 4 Djoeli Goepernoer Djawi Tengah toewan P.J. van Gulik dipoenkèndeli kalajan hoerjat saking panjoewoenipoen pijambak. Tindakipoen saking Tg. Prioek tanggal 9 Djoeli nitih baita Johan de Witt.

Centraal pakempalan toenggil damel.
Béndjing malem Ngahad 12/13 April (besloten verg.) lan Ngahad 13 April (openb. ver.) ing Habipraja Soerakarta badé wonten parepatan ngedegaken Centraalipoen pakempalan toenggil damel (Vak Centrale). Pangadjak wontening Vak Centrale poenika waoe toewoeh saking konggrès P. P. P. H. kala taoen 1929. Déné ingkang dipoensedy margi wontening Centrale waoe sadaja poenggawa Nagari sageda anggolongaken ichtiar lan sarana kanggé anggajoh kapreloewanipoen poenggawa Goepermèn ingkang sami, langkoeng² babagan nasibipoen poenggawa Nagari ingkang doemoegi sapriki taksih nama awon. Katjarijos ingkang njaroedjoeke sedyanipoen P. P. P. H. ngadegaken

Centraal waoe, pakempalanipoen prijantoen B. O. W. (V.I.P.I.W.), opium (O.R.B.) Landrente (L.I.B.), prijantoen post (Mid Post) lan Boschwezen (P. P. B.)

Koloniale Tentoonstelling Paris.
Toewan prof. C. P. Wolff Schoenmaker hoogleeraar T.H.S. Bandoeng kaangkat dados warganing komité ingkang atjatjawi anggènipoen Indonesia toemoet angedali wonten Internationale Koloniale Tentoonstelling ing Paris béndjing taoen 1931.

Gemeente Betawi 25 taoen.
Ing tanggal 1 April gandèng kalijan anggènipoen gemeente Betawi oemoer 25 taoen, kantor-kantor gemeente dipoentoetoep. Poenggawa ingkang blandjanipoen sangandapi-poen f 80, ing tanggal 1 waoe kapoerih ngepoeng wilodjengan wonten Gambir Park lan ing papan-papan sanèsipoen. Djam sanga éndjing ambtenaar-ambtenaar bangsa Éropah dipoensoegata wonten Deca Park. Ing wekdal poenika badé nampèkaken tanda pangènet-ènet dateng tjang ingkang anggènipoen njamboet damel wonten ngrikoe sampoen 15 taoen; kadjawi poenika sami angsal miroenggan gratificatie bajaran kalih woelan. (Java Bode).

MANTJA NAGARI
AMERIKA. Tjatjahipoen tijang pedjah margi alkohol.
Pakempalan tanggung djiwa Metropolitan ing New York, njarijosaken bilih tijang ingkang nanggèlaken djiwa 19 mlijoen, poenika ingkang pedjah margi alkohol wiwit taoen 1920 mindak 600%.

Wiwit taoen '22 doemoegi '29 ing Amerika ingkang pedjah amargi inoeman keras wonten 4087.

BARITANIJAH. Wanita ambawahaken,

Nonah dr. Lambert kaangkat dados pangangeng dienst kadokteran. Nonah poenika waoe ambawahaken pinten-pinten atoes grija sakit ingkang gadah 75000 patileman, tetijang ingkang dipoenrimat wonten ngrikoe 26000, poenapadéné ingkang ngedalaken ongkos 480.000.000 roepjiah.

PALESTINA. Advocaat wanita sapisanan.
Hoogerechtshof ingkang awoedjoed tijang Inggris kalih kalijan tijang Arab satoenggal, moetoos ngéngingaken njonjah Ginsberg dados warganing pradata. Doemoegi taoen 1928 kémawon pradata loehoer taksih kentjeng boten ngidini wanita dados advocaat. Njonjah Ginsberg poenika anakipoen djeroe ngarang bangsa Hibrani anama Mordechat ben Hiliel poenapadéné mantoenipoen sang poedjangga misoewoer Achmad Haàm.

PARANGAKIK. Actie medot lawanawan kalijan-Roeslan.
Serat kabar kabangsan Liberté neroesaken ngentjengi actienipoen amrih Parangakik boten sasambetan kalijan Roeslan. Serat kabar poenika ngadani parepatan oemoem mawi njoeroehi oetoesan Roeslan toewan Doygalevski.

DJEPANG. Kabesmèn ageng.
Tilgram saking Tokyo 28 Mart, martosaken kita Komatsumachi kabesmèn anggegirisi ngantos boten kénging dipoensirep, ing salebetipoen sawatawis djam kémawon sampoen wonten grija pitoeng atoes ingkang loedes, kalebet oegi biro poelisi, sakolahan, lss. Kapitoenipoen kataksir wonten sajoeta yen. Ing salebeting kasangaran kabesmèn poenika wonten toekang pompa pedjah lan kalih sanèsipoen tateo sanget.

PANTES SINOEDARSANA LAN TINOELAD.

Para maos tartamtoe taksih kengetan, jèn sawatawis woelanan sapriki ing Kali bawang wonten goewa ingkang biarkahan sinoetjèkaken kondjoe Kangdjeng Iboe Kenja Dèwi Marjah. Ing sapoenika bokmanawi wonten sadèrèk ingkang badé moendoget priksa; sinten ingkang njanggi ragadipoen jejasan goewa poenika? Poenapa padoeka Rama Prenthaler oetawi Rama Satiman? O boten sadèrèk, awit manawi nitik tata-lairipoen kémawon, Rama sekalijan katingalipoen ragi ketjompèngan sanget manawi saweg menggali kabetahaning ing koekoeban Mendoet oetawi jejasan pamoelangan doesoen ing kanan kéringipoen Mendoet lan ing koekoeban Kalibawang. Poenapa pinaringan dana ing Kangdjeng Bis-kop? Inggi boten sadèrèk! Poenapa saking sadèrèk Djawi pijambak ing koekoeban Kalibawang oetawi Ngajodja oetawi sanèsipoen? Inggi boten. La sinten ingkang njanggi ragad waoe? Sampoen kagèt, sadèrèk ka-oem berah ing kita Maastricht, ingkang sami dados warganipoen pakempalan Dèwi Marjah (Maria-Congregatie). Nalika pinoedjoe samoean, padoeka Rama Rubbens (awit rama poenika ingkang dados pramoegaripoen) medaraken prakawis jejasan goewa ing Kalibawang, ingkang nalika semanten badé kaajatan, nanging dèrèng kalampah, margi dèrèng wonten ragadipoen. Rama Rubbens nenangi manahipoen para ka-oem berah, poenapa wonten tékadipoen badé anjanggi ragad poenika, ingkang kataksir namoeng f 1000. Sadaja warga sami saroe-djoek, kabekta saking kapiderengipoen anggènipoen badé memoendi Sang Iboe Kenja Marjah toewin anggènipoen badé mitoeloengi sadèrèk Djawi. Woesana sadaja sami oeroen sakadaripoen, klempakipoen wonten f 500; dados taksih kirang f 500. Sareng sampoen sami bibaran, Rama Rubbens kondoeer dateng pastoeran. Ing rikoe wonten ka-oem berah satoenggal sampoen ragi sepoeh, tingalipoen ragi katjengkranan sanget katik saking panganggènipoen, ingkang toet-wingking Rama Rubbens, sowan dateng pastoeran. Sareng pinanggih Rama Rubbens, matoer: „Rama rehning ragading goewa ing Kalibawang taksih kirang f 500, kaparenga koela tjao si kekiranipoen ragad poenika; kersaa nampi arta f 500 saking ingkang abdi.” Rama Rubbens semoe kagèt semoe bingah. Rehning Rama Rubbens priksa katjengkranipoen ka-oem berah poenika, rama Rubbens ngendika: jèn boten saged oetawi boten kalilan nampi arta f 500 poenika. Nanging atoeripoen ka-oem berah: „Rama, kaparenga njela atoer; koela sampoen sarembag kalijan kan-tja istri manawi badé njèlèngi arta minangka kanggé ambijantoe missie Djawi. Rehning sapoenika dawah kapasang jogi sanget, Missie Djawi mbetahaken arta ragad goewa, mila ingkang dados panjoewoen koela: moegi-moegi karsaa nampi arta f 500. Déné manawi Rama boten karsa nampi, koela badé sowan rama sanèsipoen soepados arta poenika kaparingna dateng Missie.” Rama Rubbens kapranan ing pang-galib; samanten tékadipoen tijang ka-oem berah; samanten katresnani-poen tijang ka-oem berah dateng Missie Djawi. Rama Rubbens woelanipoen karsa nampi arta f 500, ingkang bokmanawi rekaos sanget oepadosanipoen mawi dipoenréntjangi tapa brata lan adoes kringet. Tijang ka-oem berah taksih gadah panjoewoen satoenggal malih dateng Rama Rubbens: „Moegi njidema prakawis poenika; sampoen ngantos kapireng ing tijang.” Rama Rubbens sagah badé njidem. Éwasamanten Pangéran ingkang Maha-wikan ingkang oegi ngersakaken, manawi pakarjanipoen ingkang abdi kinasih kasoemerepan ing ngakatah, soepados sageda dados tetoeledan, boten kekiranngan margi anggènipoen moeljakaken pakarjan oetami poenika wonten ing djagad Djawi ngriki. Rama Rubbens njidem prakawis poenika; éwasamanten kabar poenika medal mergi sanès, pelajaran ngambah samodra ageng angedjawi. Moegi-moegi poenika dados tetoeledan; moegi-moegi katah sadèrèk Djawi ingkang katoemoesan tékad semanten agengipoen; ngetobaken baow lan banda amrih adjengipoen Missie Djawi.

C. C. KELOET.

Garèng. Gandrik méjong. Sadjaké kok medèni temen koempoelan iki. Dèk kapan madegé, wargané pira, sarta kaprijé karepé, dimas Pétloek. Pétroek. Walèh-walèh apa. Akoe ora bisa goroh. Dom djala, lagi daktjaba, ééé, baloeng geni bokmanawa bisa madeg lestari, bisa oeroen-

oeroen soebangan simit-simit. Saki wargané lagi akoe déwé. Karepé? Kang Garèng ja ora kekilapan, mestiné ja karsa mleboe lid.

Garèng. Prakara mleboe gampang. Keprijé gonmoe arep ngisèni. Tjoba akoe dakweroeh.

P. Oepamané mangkéné: P. G. B.

Sampoen dangoe sadèrèk goeroe bantoe ing sadistrik Srengat tjatjah 14 sami kepéngin, soepados ing ngriko sageda madeg tjab. P. G. B., djalaran sami jakin, jèn preloe sanget vakvereeningipoen kabantoe déning sadaja goeroe. Kadadosan Comité v. oprichting sampoen madeg, inggi poenika M. K. Sastro-soeparto, M. Karim lsp. Béndjing tg. 6 April 1930 badé damel pèrèpatan ngadégaken pak. kaseboet ing nginggil. Moegi madega kanti widada saé, moerakabi dateng oemoem.

P. G. D. Sareng P. G. D. mireng sadèrèk-ipoen sepoeh pating betitit badé njantosani barisanipoen, inggi lad-jeng goemréngah, tangi saking ang-gènipoen tilem kepatos, nedy noetoeti nggeboer dateng vakver-eeingipoen pijambak. Comité v. oprichting oegi sampoen madeg malah sampoen njerati dateng H. B. jèn P. G. B. sampoen madeg lad-jeng énggal badé noetoeti. Mangga para sadèrèk tjekat-tjeket, soerja sampoen inggil.

Garèng. Ach, Troek kabar kaja ngono kokditokaké, ngemoet oejah ingsoen.

P. Lo, adja isin, djenengé lagi djadjal-djadjal. Bésoek jèn wis mlakoe rak moendak. Tjoba dakteroesnè.

S. I. O. S. Pakempalan bal-balan Samenspel Is Ons Streven ing Srengat, nalika tg. 22 ngwontenaken pèrèpatan warga wonten ing Veldpolitie, ngrembag prakawis balé grija kadosta: contributie, moendoer madjenging pak, sarta pilihan pangrèh énggal: Ingkang kapilih inggi poenika: Pangarsa: R. M. T. S. Wirjoetmodjo, sekretaris: M. Karim, penningmeester: H. T. Tjokrosiswojo, com.: M. Djono, Bilal lan Soepardi.

CORRESPONDENTIE.

Minggoe poenika karangan ingkang mlebet katah sanget, dados inggi boten saged kawart sadaja. Mila poensrantosaken.

S. S. Dh. poenika prajogi. Kita tansah ngintoenaken kémawon, déné boten dateng, saged oegi kabègal ing margi. Sapoenika poenkintoeni malih. C. C. Solo ngentosi.

OERAP-SARI.

KABAR KATOLIEK.

Eindexamen R.K. Fröbel Kweek-school Mendoet ketrimah sadaja.

Saking Mendoet, redactie pikantoe kab, kala Setoe 29 Maart '30 djam 11 sijang, poetoesan ik-samen wekasan. *Candidaat-ipoen 21, katrimah sadaja, i.p.*

- 1 Rosalia Waginew (Jogja). — 2. Rr. Satini (Semarang). — 3. R. A. Benedicta Moertinah (Madioen). — 4. Lambertia Roesdiati (Mendoet). — 5. R. A. Augustine Siti Soemarni (Ngawi). — 6. Anselma Soebikem (Kalibawang). — 7. R. A. Suitbertha Koes Indinah (Madioen). — 8. Dominica Kolmus (Madioen). — 9. Ms. Soepijah (Madioen). — 10 Rr. Maria Soemimah (P. A. Jogja). — 11 Rr. Maria Istoetilah (Indramajoe). — 12 Rr. Dorothea Moertadjénah (Wates — Jogja). — 13 Rr. Philippa Soemijati (Sléman — Jogja). — 14 Marie Renneker (Salatiga). — 15 Rr. Josephine Sri Hardjah (Jogja). — 16 R. A. Lucie Srijati (Jogja). — 17 Rr. Imelda Soemartini (Cheribon). — 18 Aldegonda Steenbakker (Semarang). — 19 Aloysia Sarsini (Wanagiri). — 20 Dora Tumbelaka (Magelang). — 21 Rr. Mauritsia Srisarasati (Djenar). (p.f. Red.)

Catacomben.

Ing Roem wonten commissie tinanggenah niti priksa margi-margi salebeting siti ing koekoeban Vati-caan.

Kalijan bijantoenipoen ingeniers kalih, tetijang sami niti priksa margi-margi salebeting siti sangandapipoen aloen-aloen St. Pieter. Padamelan poenika boten nama gampang, djer papan waoe katah ingkang awoedjoed longkangan lebet-lebet, wontenipoen wiyit djaman karadjan Roem ing kina.

Manoet artikel 33 ing pradjan-djanipoen Vati-caan kalijan Itali, sadaja catacomben inggi sanadyan ingkang wonten sadjawining Roem kedah kaprasahaken dateng Vati-caan. Vati-caan kadjabah ngreksa catacomben-catacomben waoe. Sadjawining Roem wonten catacomben misoewoer wiyit tigang abad sadèrèngipoen Sang Kristoes mijos, i.p. ing Napels, Syracuse, Siena, Volterra, Chinsi, Nola, Sardiniè, Bolsean. Komisi kaseboet nginggil ingkang kadadosan saking wakil-wakil Vati-caan kalijan pradja Itali, mentas sami pèrèpatan ingkang sapisanan preloe angrembag wangsoelipoen patilasan-patilasan toewin banda-banda ingkang dados tilaranipoen S. Antonius Padua.

Grédja Poewokerto.

Saking Poerwakerta, redactie tampi kabar makaten:

Kaleres dinten minggoe tanggal 9 woelan poenika, ing Poerwokerto dipoenkawiti jasa Grédja. Plechtigheidipoen kadamel prasadj, djalaran Kandjeng Bisschop boten saged ndjoemenengi. Bakda Mis Soetji para kadang katholik sami ndèrèkaken Padoeka Rama Pastoor J. Visser dateng papan tjalon Grédja. Pasitèn sinoetjèkaken, séla sekawit binarkahan teroes kapasang; woesana Rama Pastoor lajeng napak asmani oorkondenipoen. Kadang Katholik nèm sepoeh, ageng alit oegi kaparengaken njerat namanipoen ing oorkonde poenika.

Tjalon Grédja djèdjèr kalijan Pastoeran. Agengipoen tjekapan. Modèlipoen saempèr mesjid. Doenenging toren boten wonten ing ngad-jeng, nanging mentjoengol wonten ing tengah lerès.

Manoet rantjangan béndjing wekdal mberkali Grédja badé mawi semoean. Mangga sadèrèk koela katholik koekoeban Poerwokerto sami sedia, soepados béndjing saged toemoet oeroen njemoeakaken adegipoen Kraton Dalem.

Kanggè Missie Padang.

Moeder-Overstenipoen klooster-Liefdezusters ing Eindhoven, kapindah dateng klooster Padang.

KABAR OEMOEM INDONESIA

SAKING NGAJOGJA.

Parepatan taenan

Moeda Katholik (Ngajogja).

Nalika dinten Ngahad 23 Maart 1930 Moeda Katholik (Ngajodja) ngwontenaken parepatan taenan wonten ing dalemipoen sadèrèk Soewandi.

Ingkang rawoeh wonten sadèrèk 18. Kinten-kinten djam 10 parepatan kabikak kados mestinipoen.

Ingkang karembag:

I. Maos lan ngabsahaken notulen parepatan ingkang kantoen pijambak déning warga-warga.

II. Jaarverslag 1929.

Pangrèh:

- | | | |
|---------|-----------|-----------|
| Sadèrèk | Soetono | Pangarsa. |
| ” | Boediman | Panitra. |
| ” | Soetadi | Hartaka. |
| ” | Soekendra | Djoeroe |
| ” | Soebardja | noepiksa. |

Sarèhning sadèrèk Hartaka kerep sakit, mila moerih saéning lampah, sadèrèk Soejadi ingkang kapatah makili pandamelanipoen kanggé ing sawatawis mangsa.

Jèn nitik katahing para moeda Kath. ing Ngajogja riki, tjatjahing warga ing wekdal samangké dèrèng nama maremaken, amargi kirang anggènipoen propaganda. Ingkang makaten waoe ndjalari kirang katingalipoen menggah ing bab antjas (toedjoe) lan idam-idamanipoen M.K. Pramila teksih katah para moeda ingkang dèrèng mlebet pakempalan waoe.

Gegandèngan kalijan ingkang kaseboet ing nginggil poenika lan sakediking loembetipoen arta contributie, mila kas M. K. boten patos ageng. Art. contributie boten saged kairakaken, awit para warga-warga ingkang dèrèng njamboet damel sami kabraten. Mangka kas tansah kapeksa ngedalaken arta, sanadjan boten katah, inggi poenika kanggé kaperloean ingkang boten kénging dipoenésalaki. Ngantos jèn wonten poenapa-poenapa M. K. kapeksa boten saged oeroen arta, namoeng temtoe saged oeroen baow.

Sakbakdanipoen pista taenan wonten ing woelan September 1929, arta kas telas sedaja. Betah kanggé correspondentie lss. poenika dipoen-sanggi warga pangrèh pijambak. Éwasamanten toemindakipoen saé kémawon.

Menggah ingkang sampoen dipoenlampahi ing taen ingkang kapengker i. p.

1. Ngwontenaken cursus Inggris
- Menggah ingkang dados toedjoening ngwontenaken cursus waoe, badé ngertosaken temboeng-temboeng lan paribasan Inggris ingkang kerep medal ing serati kabur lan boekoe².
2. Ngwontenaken Olah Raga.
3. ” Schaak.
4. ” Pista taenan.
5. Atoer pambagja dateng Padoeka Rama Satiman.
6. Toemoet ngramèkaken Paasch lan Pausfeest.
7. Toemoet ngramèkaken P. P. K. D. lustrum (Olah Raga lan Beksa).
8. Ngintoenaken oetoesan dateng kongres P. K. W.
9. Ngintoenaken oetoesan dateng Gandjoeran nalika noetjèkaken tjandi Tyas Dalem.
10. Toemoet toegoeran Grédja i. s. s.

III. Pilihan Pangrèh énggal kapi-pilih i. p.

- | | | |
|---------|-----------|---------------|
| Sadèrèk | Boediman | ... Pangarsa. |
| ” | Soegiarto | ... Panitra. |
| ” | Soebardjo | ... Hartaka. |
| ” | Soewandi | ... Djoeroe |
| ” | Soekendra | ... noepiksa. |

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

WANITA-'AISJIJAH KALIJAN WAJOEH.

Soelajaning actie-wajoeh ing djagad Islam.

Wonten ing Sw. Tm. kapengker pandjenengan pirs, bilih konggrès Moehammadiah bagéjan 'Aisjijah ing Fort de Kock amoetoes: „boten tjotjog itjaling wajoeh!” Déné ingkang kanggé alasan: mangké manawi wajoeh kasoewak, badé katah laré djadah.

Dados ateges sadèrèk wanita Islam ing kalangan 'Aisjijah, poeroen kawajoeh ing prija.

Mireng poetoesan poenika, koela kengetan „Provinciaal P. S. I. Congres” ing Soerabaja kala taen kapengker.

Konggrès ingkang doemawah malem Setoe 26 - 27 April 1929, oegi angrembag prakawis polygamie.

Manoet verslag ing *Pewarta Soerabaja*, njonjah Wirodarmodjo medar sabda asoeraos: „...menjatakan ia poenja pengalaman, orang jang diwajoeh (dikawin oleh lelaki jang mempoentja perempuan lebih dari satoe) itoe sangat tjilaka nasibnja. Panasnja matahari bisa dilindoengi dengan penoetoepean pajoeng dan lainnja, tetapi panasnja orang diwajoeh tidak bisa digambarkan dan seandjaja dibiarkan sadja boleh djadi bisa membakar goenoeng-goenoeng jang tinggi, tetapi kalau pada perempuan jang dapatkan itoe nasib tentoe bisa menjebakan sakit teering.

Poenika prijantoen, koepija saking golongan wanita pijambak.

Sariranipoen dr. Soetama, (dados dédè wakil P. P. K. I.), wonten konggrès waoe ngandikakaken „wajoeh poenika andajani awoning panggesangan ing ngriki.” Manoet rembag-rembag ing konggrès P.S.I. kala semanten, angantawisi bilih palilah kénging wajoeh ing salebetipoen Agami Islam poenika dédè pranatan oetawi padatan. Pamanggihipoen: aloewoeng dianani pranatan kena wajoeh tinimbang ora, kang toendoné marakaké anané akèh wong-wong wadon ala lan anak djadah. Kados - poendi katrangnipoen? Sadèrèk Tjakra-aminata, ane-rangaken makaten: „...Manoesia itoe ada polygamist, jaitoe orang jang soeka berkawin lebih dari satoe. Soedah moela sedari doeloe-doeloe, ini bisa terboekti orang tidak bisa menerima dengan pertjintaan satoe perempuan. Igama Islam mengatoer itoe perkawinan beralesan itoe sociologie, maka-nja pada manoesia diberi hak lebih dalam ini, jaitoe sampai boleh kawin lebih dari satoe, meskipoen demikian toch moesti lebih doeloe minta izinnja si perempuan. Sekarang orang boleh timbang, mana jang lebih baik, polygamie jang diwatesi seperti Islam poenja, apakah polygamie jang zonder wates jang bisanja lantas melahirkan anak-anak jang tidak karoean, dan menimboelkan pelatjoeran.

Orang Europa atau jang sekarang berigama Christen, ada menoeroet

perkawinan monogamie, jaitoe perkawinan satoe lelaki dan satoe perempuan, jang doeloenta ditentoeakan oleh keizer Justitia dalam Romeinsche Burgerlijkrecht. Tetapi meskipoen diatoer begitoe roepa, toch orang laekoekan per-djinaan tidak dengan watas dan penghidoepan tidak lebih baik dari polygamie jang diwatesi... enz. ... enz. ...

Leres-lepating pamanggih poenika, boten koela rembag. Pandjenengan sadaja saged ngoedari pijambak.

Dados pamanggihipoen para prija ing konggrès P.S.I. kaseboet nginggil, kalijan wanita wonten konggrès 'Aisjijah ing Fort de Kock nembé poenika, saged laras.

Nanging, kita inggi mangretos, bilih wanita Indonesijah ingkang sami anggolong wonten kalangan P.P.I.I. sami ngèsti soewaking wajoeh. Mangka wanita ingkang sami wonten P.P.I.I. waoe boten sakedik ingkang sami ngroengkebi Agami Islam.

Kadjawi poenika, para wanita Islam ing Hindoe katjarijos inggi sami nggajoe itjaling polygamie. Dr. H. Kraemer ingkang mentas saking Indija - Inggris, nalika sosorah wonten ing Medan, njarijosaken: „... konggrèsing wanita Islam ing Delhi ngangkah itjalipoen wajoeh. Ingkang makaten poenika andjalari wontening nalar angèl ing salebeting Islam, djer Kor'an pantjèn angidini wajoeh. Nabi Mochamad dasar marengaken rabi satoenggal, kalih, tiga, sekawan; „oeger bisa ngadil.” Nanging wonten ingkang tjarijos: „ngadil toemandoek wong wadon papat, koewi ora ana wong lanang sidji baé sing bisa nglakoni. Dadi ing praktiké, wajoeh ikoe ora kena!” Tetijang inggi sami ngakeni: wajoeh mila dipoenké-ninggaken. Lan sapinten ander-patining actie itjaling wajoeh, poenika keboekti wonten ing oetjapipoen satoenggiling djempol wanita Islam: „... Nèk ngono Kor'an baé sing koedoe diowahi!” ... (zie *Mataram* 25 Februari '30 avondblad).

Kumuningsaselé 31 Maart '30.

Taklim: PATJAR MÈRAH.

Doemoegi semanten, kita mangertos soelajaning actie bab wajoeh ing salebetipoen djagad Islam.... Sadaja kémawon sami mangretos, kita para Katholik anggadhahi kajakinan lan inggi nindakaken: „ora wajoeh, ora pegatan!” Mila, kita inggi najogjani sanget actie pambèngkasing wajoeh!

Namoeng doemoegi samanten, lan inggi namoeng makaten poenika sadèrèk, anggèn koela damel wawasan gandèng kalijan poetoesan 'Aisjijah bab wajoeh.

Kumuningsaselé 31 Maart '30. Taklim: PATJAR MÈRAH.

IV. Pandamelan ingkang badé dipoenlampahi:

1. Ngwontenaken Muziek cursus, toedjoenanipoen, ngadjari warga ingkang poeroen, soepados ing tembé samia toemoet ngagengaken St. Ceacilia.

2. Ngwontenaken Spaarclub ingkang toedjoenanipoen nenangi dateng para warga soepados samia gemi lan ngatos-atos.

3. M. K. badé pados donateurs, toedjoenanipoen:

- a. ngiras propaganda.
- b. soepados kas M. K. saged ageng.

Sasampoenipoen njateti warga énggal parepatan djam 1¼ katoetoe kados tjaranipoen tijang Katholik. Panitra.

Komisi - bibliotheek.

Gandèng kalijan anggènipoen sakolahan-sakolahan Standaardschool ing kita Ngajogjakarta njowoewon wontening bibliotheek dateng pangrèh Canisius, Ngajogjakarta wonten komisi kapatah niti priksa boekoe-boekoe wedalan Balépoes-taka ingkang pantes kawaos ing laré lan boten. Warganing komisi waoe sadèrèk mantri goeroe Koe-mendaman, s. Poerwadarminta, s. Soekirdja, s. Djadja lan A. S. Dwi-djararja.

Pindah saking Ngajogja.

Sadèrèk Leo Jadiran Adipidjana ingkang boten sakedik lelabetanipoen dateng pakempalan-pakempalan Katholik, poenapadéné oegi dateng Sw.T., woelan poenika pindah dateng sakolahan angka kalih Goepermèn, ing Pokoh bawah Klatèn. Kanggé pangèngèt-èngèt pindahhipoen sadè-

rèk waoe, kala Senèn poenika, kineroematan wonten dalem Prawira-soemartan. (Sw.T. ngatoeraken soe-geng tindak! Moegi wonten papan énggal waoe, inggi lestantoena damel adjengipoen Sw.T.)

Anglijer sakolahan.

Kanti saroe-djoekipoen para pandita, sadèrèk Protestant Djawi ing ngriki nglijer sakolahan Standaardschool. Sadèrèk-sadèrèk waoe sami damel pakempalan ingkang sedyanipoen angedegaken sakolahan kang-gé golonganipoen wonten Ngajogja lan kiwa tengenipoen.

Mosviba Madioen.

Gandèng kalijan lalampahan Wilhelmus ing Mosviba Madioen, redactie *Mardi Kasantos* Madioen ngedalaken brochure katiti mangsan 27/3 '30, asoeraos makaten:

Dinten Saptoe 15-3-'30 djam 10,30 leider internaat toewan Beckeringh mlebet klas III (klas ingkang inggil pijambak) ngrembagi soepados mang-ké manawi resident rawoeh pinah-argja mawi lagoe Wilhelmus. Para siswa anggadhahi pamanggih ingkang makaten waoe boten perloe, awit adat ingkang sampoen-sampoen man-awil ngleresi pista taenan ingkang inggi karawoehan resident-resident Madioen toewin prijantoen-prijan-toen ageng sanèsipoen, boten naté asoeng pambagja mawi lagoe Wil-helmus. Kadjawi poenika manawi mahargja mawi Wilhelmus, golongan sanès badé katah ingkang mèsem. Margi makaten waoe ladjeng won-ten pitakènan: „Manawi bakda Wil-helmus ladjeng ngoenggelaken sasanti Indonesia Raja, kados - poendi?” Toewan B. boten ngamini sarta la-

Pamanggihipoen kaom onderneming bab soewakipoen Poenale Sanctie.

1e. Melania Tentoonstelling.

Kados déné ingkang sampoen koela kabarakén bilih pak. Melania kabantoe kados déné ingkang sampoen koela atoeraken, sampoen saéstoe ngawontenaken tentoonstelling ingkang sapisanan inggih poenika nalika dinten Senèn lan Slassa (10-11 Maart) nembé wingil Tentoonstelling waoe mitontonaken ngiras njadé barang-barang dedamel-anipoen sad. wanita Katholik Djawi, Wlandi; moerid-moerid pamoelangan éstri „Mardiwara, Zusterschool, Kath. Europ. School.“ Wontening barang-barang ingkang kapitontonaken saé-saé, boten ngoetjowani; kagoenan Djawi katingal boten soerem lan éndahing gotrah kiléan, modèl énggal. Bab reregèn, matoer barès, nitik poenapa ingkang sampoen koela soemerepi ing papan sanès, klebet mirah; mratandani bilih pak. Melania boten atradjan „kapitalistisch“; sanjata namoeng toemoedjoe moerih loehoering Asma Dalem Sri Jéspes!

Tentoonstelling waoe karamèk-aken srana „Gemengd Zangkoer lan orkestje.“ Kadang kita Kath. inggih Djawi inggih Wlandi katingal sami nggatosaken lan sami kapranan dateng loehoering achte Melania vereeniging waoe, katanda katahing ingkang sami ngrawoehi; saba larisipoen. Mila kedah makaten!

Dados „oeloek-oeloek“ C.C. Solo angsal damel!

Taksih wonten kêtjèran; ingkang pantes kita tjetat ngriki, pangandikanipoen Rama Pastoor H. Koch, nalika mbikak tentoonstelling waoe, katingal bilih mongkog lan rena sanget, ngandika kaanti tjekak aos, mongkog déné poetra-poetranipoen sami ngertos ing wadjinging poetra. Sampoen ageng! Wosing pangandika matoer noewoen dateng sadaja ingkang mbantoe actie ingkang moelja waoe!

Melania vereeniging Solo, pantes sinerat mawi mangsi djené wonten ing babading Missie Solo, djer ngéngeti loehoering actienipoen; pantes binantoe ing sakijat-kijatipoen.

Leve de Melania vereeniging, voor 't heil van 't Indonesische volk!

Saluut kita koela atoeraken!

Béndjing tg. 6 woelan April pak. K.W. Solo badé ngawontenaken parepatan warga; ingkang karembag; Pamboeka — Notulen — verslag Congres P.K.W. — Nampi lezingipoen sad. Joesoep bab „Katholieke Sociale Actie.“

Para warga kaadjeng-adjeng sanget rawoehipoen.

C. C. Solo.
H.

OERAP-SARI.
KABAR OEMOEM
INDONESIA.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

W.K. Mataram. Parepatan W.K. Mataram kala 20 Maart amoetos nggesangaken club-débatan; toewin ngawontenaken koersoes handwerk kanggé warganipoen.

Protestvergadering P.S.I. 22/23 Maart. Ing sonten waoe sadèrèk dokter Soekiman (mawi basa Djawa dipa) nerangaken bab Islam kalijan pergerakan; S. Soerjapranata (oegi mawi Djawa dipa) angrembag tandoekipoen Paréntah dateng pergerakan ing Indonesia; kjahi A. Salim bab politik P.S.I. anggènipoen mawi dadasar Agami Islam, Sosorahipoen sadèrèk tiga poenika boten koela pèngeti ing ngriki. Ingkang koela tjetat sosorahipoen s. Drija-wangsa bab kasangsaranipoen bakoel Ngajogjakarta. Sosorahipoen sadèrèk poenika kénging koela pérang I. Sadéjan ideran lan waroeng-waroeng; II. Bakoel ing peken Ngajogjakarta.

Bab I. katerangaken a.) Bakoel-bakoel ideran ing kita Ngajogja katah ingkang dipoentjeng, kaladosaken Landgerecht. Margi makaten waoe kawontenanipoen bakoel mesakaken sanget. Pawitanipoen ratjak namoeng f 1,— anggènipoen njamboet saking singkèk méndring. Arta f 1,— poenika tampinipoen saking toekang potang namoeng f 0,80 margi katjowok f 0,20 kanggé anak-anak. Mangka batinipoen paling banjak f 0,25; jèn kodjoer arta f 0,80 waoe namoeng saged wangsoel katah-katahpoen f 0,60. Ladjeng jèn kalapoeraken Landgerecht, apesipoen kadenda f 1,—. Poenapa makaten poenika boten mesakaken? Toer wonten Landgerecht ngrikoe djam-djaman anggènipoen ngentos Manawi Nagari pantjèn boten ngersakaken bakoel-bakoel ider wonten margi ageng bok aloewoeng ngawontenaken papan ingkang mligi kanggé papan djadjanan kados Semarang, déné bangonipoen, mota, preloenipoen ringkes, kénging kabekta mrika-mrika.

Kabekta saking sabab ingkang boten koela kinten-kinten, saweg sapoenika koela saged ngleksanani kasagahan koela aneroesaken rembag bab „Ambongkar-balé-pémahan.“ Ingkang makaten waoe toemrap koela, malah nama kaleresan! Djer, koela ladjeng saged soemerepi pamanggihipoen kaom onderneming bab soewakipoen Poenale Sanctie, kados ingkang kaseboet ing *Alg. Handelsblad* tanggal 18 Maart. Éwasamanten Patjar Mérah inggih boten kasoepèn njoewoen genging pangapoenten.

Djedjering rembag: „kados-poendi anggènipoen propaganda soepados tetijang ngriki katah ingkang sami poeroen njamboet damel wonten Soematra?“ Wangsoelan koela: „Koe-doe ora toemindak sarana wèreg!“ Wong wèreg gawé golèk pokilé déwél! Mila manawi boten tijang keblitoe, dateng wèreg poenika tangèh ngandelipoen! O, saéstoe, tijang Djawi adrih kalijan wèreg!

Poenapa prijantoeing Nagari (oepas, mantri poelisi, assistent wedana,) ingkang nindakaken propaganda lss.? Tegesipoen „apa prijajining Nagara baé sing didadèkaké wèreg - Dèli?“

— O, sadèrèk! Koela ngandel, actie ambedol-balé-pémahan poenika manawi medal kaom B. B. inggih badé wonten wohipoen! Nanging wohipoen waoe boten sapintena manawi katanding kalijan betah kita ngangkataken tetijang ngriki bebara dateng sanès nagari. Sebab poenapa? Kawoeningana, tijang Djawi poenika kalijan mantrèn-mantrénan, oepas-oepasan, kantor-kantor pantjèn boten patos dojan. Ngambah kantor ngasisténan, kantor anoe lss., sami adrih. Tjekak, lalajanan rembag kalijan prijantoeing poelisi, poenika gitokipoen tijang Djawi namoeng tansah mengkorog kémawon.

Margi makaten kita kedah ichtijar ngopados sarana sanès! Dé-né ichtijar waoe, sarana MIGOENAKAKEN KAPITADOSANIPOEN SADÈRÈK DOESOEN DATENG SALAH SATOENGGILING POENGGAWA DOESOEN. Djer, temenipoen kémawon, kapitadosanipoen tijang doesoan dateng loerah doesoan, kaom, kami sepoeh, . . . poenika langkoeng kandel tinimbang dateng ndara Sistèn oetawi ndara Danal Ing ngriki ingkang koela pendet kanggé antjer, poenggawa doesoan; poenika namoeng koela pendet gampilipoen kémawon. Saged oegi ing salebeting doesoan inggih wonten andel-andel sanès!

Para maos! Pandjenengan poenapa kèngetan dongèngipoen bango rikala badé ngelih oelam-oelam dateng talaga sanès? Kala samanten wonten oelam ingkang kapoerih njatakaken roemijin papan énggal waoe njata saé poenapa boten! *Sarangoelam ingkang kapoerih njepèksi waoe wangsoel, sarta njarijosaken manawi talaga énggal poenika pantjèn saé, oelam² ladjeng sami rebat roemijin neda dateng kjahi bango soepados dipoenelih!*

Dongèng ing nginggil poenika matoek sanget koela toemrapaken wonten ing actie „ambedol-balé-pémahan!“ Rékanipoen bango anggènipoen ngangkang soepados sadaja oelam poeroena dipoenelih, poenika kénging koela toelad ing salebetipoen kita anggajoehe actie „ambongkar-balé-grija!“

Dados, ing sadèrèngipoen, kita kedah ngawontenaken insepèktoer, kapoerih njepèksi kawontenan ing ngriki! Déné ingkang kadadosaken insepèktoer, tijang ingkang dipoen-pitados tetijang ing doesoan ngrikoe. Insepèktoer poenika waoe kedah tepang rembag roemijin kalijan ingkang gadah onderneming; damel pradjandjijan-pradjandjijan ingkang sami sakétjanipoen, oep.: réhné ti-

b.) Tijang bikak wandé (sanadyan wonten grijanipoen pijambak) kedah rekès mawi zegel f 1,50, poenika toemrap bakoel alit-alitan inggih rekaos; mangka pawitanipoen ingkang katah-katah inggih saking anggènipoen njamboet singkèk méndring. Mila kasawoewen soepados boten soesah rekès mawi zegel f 1,50 waoe barang.

II. Bakoel alit-alit ingkang sasadéjan wonten peken kita Ngajogja sami roemaos boten seneng déning awrating tarif séwan, toer djam tiga sijang kedah koekoet sadaja. Mangka anggènipoen ambibaraken peken waoe mawi smprot adamel koetétéranipoen bakoel-bakoel ingkang boten mangretos djam. Pamedar sabda ngadjeng-adjeng soepados bibaring peken dipoenanggé ngantos djam nem sonten kados peken-peken sanèsipoen, lan anggènipoen ngesiki soepados mawi

jang sami tilar balé-pémahan, poenapa wonten ngrika sampoen dipoen-soedijani gentosing doesoan tjekak kanggé tijang sadoesoan - doesoanipoen? bab bajaran, pangreksaning kasarasan; pranatan prelop l.s.p. Bab pradjandjijan saged oegi katin-dakaken déning ambtenaar, nanging dadosing pradjandjijan kedah dipoensoemerepi insepèktoer waoe.

Sawangsoelipoen insepèktoer, ladjeng toemandang ing damel. Mangké manawisadoesoan, kalih doesoan sampoen poeroen, sanèsipoen ladjeng gampilipoenipoen noesoel! „Sadjaké kok lé majar! Apa hija insepèktoer ndésa maoe wani lalawanan remboeg karo toewan onderneming?“ Wangsoelan koela: „Apa preloen Indonésiah doewé anak kaom terpeladjar, kaom intelektueellen? Apa moeng dikonggedèkaké wetengé déwé?“ Dados keplasing wangsoelan poenika: „kita kedah ngawontenaken pakempalan ingkang sedyanipoen ngadjengaken tetijang Djawi sami alihan dateng Soematra.“ Djempol-djempoling pakempalan makaten poenika, ingkang kedah anjepoehi, miteloengi insepèktoer ndoesoen waoe.

Sapoenika sinten ingkang njanggi waragading insepèksi? Mesti kémawon inggih ingkang gadah betah. Déné ingkang gadah betah waoe, onderneming, Nagari, lan oegi tijang Djawi pijambak. (pakempalan-pakempalan ingkang anggadahi sedyang ngadjengaken tijang Djawi alihan dateng Soematra.)

. Ana manèh sing marakaké grag-greging pangremboegkoer prakara koewi, jaikeo: „Apa toeroet manawa Nagara mèloe ngadjokaké wong Djawa pada alihan menjang Soematra?“ la wong, Nagara déwé malah isih ngiliani wong mantja pada mréné, kok réka² ngangkataké wong kéné menjang poelo lija!“

Tjara pamanggih koela, Nagari malah kedah ageng pitoeloenganipoen dateng pakempalan ingkang toedjoenipoen kados kaseboet nginggil. Djer, saweg tijang ingkang dédé bawahipoen kémawon dipoentoe-loengi, poenapa inggih ingkang bawahipoen pijambak badé alihan dateng poelo sanès, dipoentègakaken kémawon? Kalijan malih, le-resipoen ing ngriki kedah boten wonten raos „ngalah-ngalahaké“. Djalaran, lebetipoen tijang ngaman-tja dateng tanah Djawi meksa boten nama kesangeten manawi katanding kalijan tjatjahing djiwa Priboemi ing tanah Djawi. Manawi sapoenika Nagari ladjeng ngawisi tijang mantja mlebet ing tanah Djawi, . . . oetawi tijang mantja sadaja karesik-aken saking ngriki, . . . djiwa ing tanah Djawi inggih meksa taksih katah sanget. Meksa taksih oentel-oentelan, rebatan panggesangan! „Angger wong-wong mantja dilarangi mleboe mréné, tanah Djawa mesti ora soek-soekan kaja mengkéné, lan nggolèk pangan mesti ora sebel kaja saiki, . . . woesana wong-wong ora soesah kedoengsangan alihan menjang Soematra barang!“ Hem, . . . sinten ingkang wani nanggal leresing kajakinan poenika? Sinten ingkang wani mestèkaken patitising pametja poenika? Manawi Patjar Mérah, kipa-kipa sanget; boten wani!

Dados, mlebetipoen tijang mantja dateng tanah Djawi, boten poenapa-poenapa toemrap actie „ambongkar-balé-pémahan.“ Djer kajakinan koela: sanadyan tijang mantja dipoen-alang-alangana pisan bebara wonten tanah Djawi, djiwa ing ngriki meksa taksih oentel-oentelan: pangoe-padjjwa meksa taksih rekaos, ngantos inggih taksih preloe alihan dateng sanès panggénan.

Para maos! Kala 4 Djoeli — manawi boten taoen '28 inggih taoen

tjara sanès boten dipoensemprot kados sapoenika.

Sadèrèk Soerjapranata amratèlakaken „sanadyan kita katingal resik, sanadyan nètjesa, nanging jèn kawoela rekaos gesangipoen, badé kados-poendi!“

Wasananipoen, vergadering P.S. I. Mataram damel komisi kanggé nandang ngèntèngaken kasangsaranipoen bakoel-bakoel Ngajogjakarta kaseboet nginggil.

Openbare Leeszaal in Bibliotheek. Wiwit tanggal 1 April poenika, Ngajogja wonten Leeszaal lan Bibliotheek kanggé sadaja bangsa, doenoengipoen wonten pasèban aloen-aloen ingkang sisih Lèr. Tjalonipoen Bibliotheek waoe sampoen gadah boekoe Walandi 3500, Fransch 350, Inggris 110, Duitsch 70. Saben dinten Bibliotheek waoe bikak wiwit djam 5 — 8 sonten, jèn Ngah-djam 8 — 9 éndjing. Manawi

'29, — pandjenenganipoen Pastoor Kircher (asli Djermer) tindak saking Okayama (Djepang) dateng Brasiljah, (Amérika Kidoel) preloe ngetoetaken lan ngemong sadèrèk Djepang ingkang sami pindah balé-pémahan mrika. Mireng tjalon tindakipoen Pastoor kaseboet nginggil, pangagenging kita Okayama ladjeng tepang rembag kalijan pangagengipoen Pastoor Kircher, preloe neda palilah badé amèngeti tindakipoen P. Kircher sarana andrawina toewin openbare vergadering. Karsanipoen pangagenging ingkang makaten waoe, angkahipoen ngiras kanggé propaganda soepados katah tijang Djepang ingkang poeroen pindah dateng Brasiljah, amargi ing nagari Djepang tijangipoen pantji sampoen djedjel.

Pastoor Heuvers kapasrahan Pangagengipoen soepados tepang rembag kalijan prijantoeing ndjawi, amrih openbare vergadering saged kalampahan kanti saé. Pastoor Heuvers (maha goeroe pamoelangan loehoer Katholik ing Tokijo) ladjeng manggih dr. Tanaka professor pamoelangan loehoer kagoengan dalem Ingkang Sinoehoen Naréndra Agoeng (Keizer.) Dr. Tanaka njagahi badé medar sesorah wonten openbare vergadering kaseboet nginggil.

Tetijang djaler éstri sami tjantjoet martosaken prakawis waoe. Student kadokteran Ohta San tjantjoet nggambar, tjalon kapasang wonten papan adakan, mawi sineratan: djam lan papaning vergadering; poenapa ingkang tjalon karembag, sinten ingkang medar sesorah lss.

Para sadèrèk! Kawontenan ing nginggil poenika minangka tjonto bilih emigratie ingkang saged sakétéja poenika manawi toemindak kalajan mardika. Kanggé toelada bilih tijang ingkang toehoe manah betahing oemoem, kedah boten adrih koerban kangélan. Kanggé toelada sampoen ngantos sadaja sadaja poenika namoeng kapasrahaken dateng Paréntah kémawon. Minangka koepija, manawi djiwa Katholik ing ngriki sampoen katah sanget, ladjeng saged adada emigratie kados ing Djepang waoe. Kanggé toelada, saeopami Pastoor ing ngriki sampoen tirah-tirah, wonten ingkang kénging katoeroan mranata emigratie kados ing Djepang. Kadjawi poenika, inggih koela anggé nedahaken dateng pandjenengan sadaja bilih Pastoor makaten kanggé tijang (momonganipoen), boten kok tetijang kanggé Pastoor (Tjeplosipoen. ora kok wong tjilik kanggo wong gedé! Wantahipoen malih. ora kok wong tjilik kanggo pangané sing gedé!).

Soepados boten ngaping kalih damel — ngiras oegi kanggé linoening Ontjèn Sw. T. kapengker,) pamanggihipoen kaom onderneming toemrap poenale sanctie, kaseboet ing *Algemeen. Handelsblad* 18 Maart waoe, koela pratèlakaken ing dinten poenika oegi.

Gandèng kalijan rembag soewakipoen Poenale Sanctie, pakempalanipoen kaom onderneming ing Soematra Wétan soeka advies dateng Permanente Arbeids Commissie ing Médan.

I. Kaom onderneming ngoesoelaken adeding jajanan anama *Centraal-Bureau voor Arbeidsaangelegenheden* kados ingkang kaseboet ing dalem ordonantie. Sadaja onderneming ingkang gadah koeli saking sanès nagari, kedah dados warganing C.B.A., lan kawadjiban boten nampèni koeli inggatan. Biro waoe kedah damel tjetetan namanamaning koeli. Ingkang makaten waoe kamanah perloe sanget déning boten wonten Burgerlijke Stand. Sadaja onderneming warganing C.B.A. boten kénging andatengaken koeli, manawi tanpa palilahipoen C.B.A. Nagari soepados inggih ambijantoe adeding C.B.A. djer kadjawi sabab sanès, Nagari pijambak kagoengan Cultuur lan Mijnbouw - ondernemingen. Para werk-

njamboet boekoe sadinten séwanipoen saesèn, dangoe-dangoenipoen sawoelan.

Dipoensamber bledèg. Kala Senèn sonten ngleresi djawah deres ngadjengaken satengah nem sonten, ing margi ageng Djokja — Solo satjelakipoen Ambaroekma, wonten tijang tiga kasamber bledèg. Ingkang satoenngal pedjah sanalika ingkang kalih let 3/4 djam gesang malih boten ketaton.

Mosviba Madioen.

Gandèng kalijan siswa Mosviba Madioen anggènipoen boten poeroen migoenakaken Wilhelmus wonten salebeting pésta ingkang tjalon ngatoer-atoeri B.B. ambtenaar bangsa Welandi, warga Raad Kawoela toewan Suermondnt njoewoen dateng Nagari soepados nindakaken paniti priksa njidikaken prakawis waoe, lan angsal-angsalaning paniti priksa soepados kaparingaken priksa dateng

gevers ingkang boten malebet C.B.A. inggih soepados kapoerih damel register nama-namaning koelinipoen. Ingkang makaten poenika ngèngeti werkgevers Priboemi ingkang migoenakaken koeli inggatan. Dados C.B.A. waoe angentjeng pranatan ing dalem koeli ordonantie: kaom onderneming boten kénging babar pisan mendet koeli ingkang taksih dados darbèking onderneming sanès.

II. Onderneming angsoelaken soepados wonten *Neutrale Commissies van Onderzoek* ingkang kedah nengahi manawi wonten koeli makaten-makaten. Warganing C. v. O. waoe: arbeidsinspecteur, pangagenging cultuuronderneming, lan tijang saged bangsa Djawi. Commissie poenika manawi kamanah perloe saged mindah koeli dateng onderneming sanès. Manawi wonten koeli boten poeroen nindakaken pandamelanipoen, C. v. O. ladjeng kedah nindakaken paniti priksa, madosi poenapa ingkang dados sabab-sababipoen.

Manawi wonten koeli — boten perdoel poenapa sebabipoen — ladjeng njèlèhaken pandamelan, késah saking onderneming, boten ngatingal-ngatingal, ladjeng kados-poendi? Tjara sapoenika, koeli waoe dipoenpadosi, kaladosaken dateng pradata, lan sasampoenipoen tampi oekoeman, kawangsoelaken malih dateng onderneming. — Manawi wonten koeli njoelajani djandji, ndelik wonten kampoeng, ladjeng njamboet damel ing kabodidajanan oetawi panggaotan Priboemi, kados-poendi? — Bilih wonten lalampahan makaten, onderneming menangkaken C. v. O. ngoendang tijang waoe, lan manawi boten poeroen kawenangaken toemindak kanti kekerasan. Koeli ingkang minggat waoe, margi anggènipoen ladjeng kedah lalawanan kalijan C. v. O. saged oegi malah ladjeng nékad pisan anggeblas saking onderneming boten poeroen ngalahiraken sabab-sababipoen, boten mawi katiti priksa ing C. v. O. barang! Manawi wonten kawontenan makaten, C. v. O. badé toemindak aloes, njerep-njerepaken bilih tijang makaten boten kénging njoelajani djandji. Pitoetoe makaten poenika pamanahanipoen onderneming mesti badé mranani manah Djawi. Pangadjeng-adjengipoen onderneming soepados koeli - koeli Djawi samija mangretos bilih C. v. O. menangaken koeli-koeli ngalahiraken sak-seriking manahipoen dateng Commissie poenika. Mila, manawi wonten makaten-makaten inggih kedah mrikoe pladjengipoen, sampoen kok ladjeng moetoeng anggeblas kémawon!

III. Prakawis soewakipoen Poenale Sanctie, onderneming anggadahi rembag soepados *dipoenwonteni djadjalan roemijin 25%* ning koeli-koeli sadaja; lan oesoelipoen ordonantie-ordonantie babagan C. B. A. toewin C. v. O. kaseboet nginggil, kedah dipoentjakaken (toemrapaken) koeli 25% poenika waoe. Manawi djadjalan poenika kalampahan saé, onderneming inggih njaroedjoeki itjalipoen Poenale Sanctie babar pisan. Tjatjah 25% waoe saking sakedik kénging dipoenagengaken ngantos wasananipoen saged ngajtjaki sadaja koeli.

Onderneming ngadjeng-adjeng, manawi Poenale Sanctie sampoen wiwit kasoewak, soepados para ambtenaar ing tanah Djawi angadjengaken emigratie ing bawahipoen. Wasana kapratèlakaken oegi Nagari kedah njamboet damel sasarengan kalijan onderneming, poeloenipoen soepados soewaking Poenale Sanctie boten adamel pitoenanipoen onderneming toewin kabetahan oemoem.

Para maos! Ing ngriki pandjenengan mangertos bilih atoer koela bab actie „ambongkar-balé-pémahan“, pantes oegi kawigatosaken Nagari toewin kaom onderneming.

Kumuningsaselé 24 Maart '30
Taklim: P. ATJAR MÉRAH.

Raad Kawoela. Kadjawi poenika t. Suermondnt inggih miterang, poenapa para moeda siswa Mosviba Madioen ingkang makaten pangrengkoehipoen dateng Wilhelmus, ing béndjing saged kadadosaken Bestuur ambtenaar-ipoen Nagari?

Kambah sasakit pest.

Wiwit tanggal 22 Maart, kita Semarang katetepaken kambah sasakit pest.

Commissie art. 153 bis - ter, lan 161 bis.

Nagari damel commissie kanggé niti priksa art. 153 bis-ter, lan 161 bis ing Wetboek van Strafrecht. Ingkang dados pangarsaning commissie: prof. mr. J. M. J. Schepper goeroe R. H. S. Weltevreden, déné secretaris: mr. J. F. Cornelis wakil administrateur ing Departement Justitie.

Warga - warganipoen, i.p. mr. L. Eindhoven ambtenaar ter beschik-

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat **POTONGAN.**

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG**

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

MALIOBORO Obat-obat keloearan roemah² obat **„RATHKAMP”** **MALIOBORO** soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA **„RATHKAMP”** **DJOKJA** tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

NJAOSI PRIKSA

bilih nalika tanggal 10 Maart 1930 dinten Senèn koela dipoenparingi momongan èstri; sapoenika koela soekani tetenger:

JOSEPHINA SARWANINGSIH.

P. SARWAN.
SOERABAJA 22 Maart 1930.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang special die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

**TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.**

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

Pinarangan momongan èstri:

FRANCISCA AGUINA PRAPTI

nalika tanggal 8 Maart 1930.

Th. Martama Prawira Pratama
Mantri Goeroe Djebed
PEMALANG.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; **sablèg netto 10 kilo: f 8,50;** 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8	Pekalongan 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang 5)	Pemalang 7.30	Kepandjèn 6-7-9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9
Bandoeng 6-7.30-9	Magelang 7-9	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Benkoelen 7.30-9	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8
Buitenzorg 6-8	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari 6)	Sambas 6-8.30	Tegal 2) 7.30-9.30
Djokja:	Meester Corn. 7-9	Sambong 8	Tering 7
Kampementstraat Eur. 7-9	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap 3) 7.30
Jav. 6-8	Modjokerto 6-8	Sedajoe 7	Tjimahi 6-8
Kota Baroe 6-7.30	Moentilan 5-6-8	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9
Djombang 1) 7.30	Muntok 8	Semarang: 7	Wates 7)
Fort de Kock 7.30	Ngawi 7) 7.30	Gedangan 6-8	Weltevreden:
Gandjoeran 2) 7	Padang 7-8.15-9 (tjina)	Bangkong 6.30-8.30	Waterlooplein 5.45-7-9
Gombong 3) 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.30	Kramat 6-8-9 (mal.)
Keboemen 4) 7.30	Pajakoembo 7.30	Randoesari 7-9	Wonosobo 5) 7.30
Kediri 7.30	Palembang 7-9	Singkawong 6.30-9	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean 1) 7.30	Soekaboemi 6-7.30	
Koeta Radja 6.30-8		Heuvel 5.30	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

king ing Kantor Pakarjan, mr. L. J. A. Roskot, dr. H.D.J. Apituley warga Raad Kawoela, F. Harjadi, goeroe Magelang, Idih Prawiradipoetra, F. Laob, G. J. van Lonkhuyzen, dr. C. S. S. H. Ratu Langi, R. P. Soerasa, Mohamad Hoesni Thamrin sami warga Raad Kawoela, toewin mr. R. Ng. Soebrata warga College van Gedeputeerden ing Djawi Wétan.

Dateng sadèrèk Harjadi, Sw. T. ngatoeraken p. f.

Papranngan lisah.

Gandèng kalijan papranngan reregèn lisah, B.P.M. anindakaken pangiridan, boten damel boer-boeran énggal, boten damel margi-margi, njoeda tjtjahing poenggawa bangsa Walandi toewin bangsa Priboemi. Poenggawa-poenggawa bangsa Europa ing Indonesia kémawon ingkang kataman pangiridan karantjang satoesan, ratjak poenggawa ingkang nèm.

Vrije Emigratiekantoor Borneo ing Soerabaja pikantoeke tilgram kapoerih ngèndeli anggènipoen pados koeli-koeli. Koeli-koeli ingkang sampoen keladjeng klebet, soepados kawangsoelaken dateng doesoepoen kanti waragad saking Emigratiekantoor.

Kabesmèn ageng ing Tg. Balai.

Aneta saking Medan 20 Maart martosaken bilih kabar officieel anetepaken kapitoenènipoen kabesmèn ageng ing Tg. Balai wonten f 200.000 (ingkang f 40.000 dipoentanggalaken assurantie). Grija ingkang kabesmi tjtjah woewoeng wonten 70. Gemeente Tg. Balai anjoedjani arta f 10.000. Katah comite-comite ingkang ngoepadosaken darma.

Konggrès Mohamad Djajah ing Fort de Kock.

Saking Padang 17 Maart, Aneta martosaken bilih konggrèsipoen Mohamad Djajah, manggèn ing Fort de Kock, dipoendatengi tjang 2.200

(ingkang saking tanah Djawi 120, èstrinipoen 10; saking Celebes lan Borneo 80; saking Atjih 100....)

Setoe sonten wonten openbare vergadering manggèn ing Rookmakersplein dipoendatengi tjang 10.000.

Golongan èstri (Aisjah) ingkang konggrèsipoen anjarengi konggrès Mohamad Djajah waoe, amoetoes boten notjogi itjaling wajoeh. Anggènipoen moetoes makaten waoe, margi manawi wajoeh itjal ing bèndjing tjalon katah laré djadah. Mangka laré djadah makaten manoe Islam, awon-awoning laré.

Jacht Vereeniging Randoesari.

Bahagia mireng pawartos bilih ing Randoesari (Semarang) wonten pakempalan anama Jacht Vereeniging Randoesari. Pakempalanipoen para moeda J. V. R. poenika waoe sedyanipoen badé *angganggoe damel prawan-prawan oetawi semahing sanès*. Ingkang dados pangrèhing pakempalan anama Amin alijas Soebandi oetawi Alexander, kalijan Moeslim alijas R. Soekatja....

Nanging Amin waoe wonten Bahagia nerangaken bilih pijambakipoen boten tjampoer poenapa-poenapa kalijan pakempalan kaseboet nginggil. (Manawi kabar poenika temen, ladjeng poenapa artosipoen para djadjaka anggènipoen andjangka adjenging wanita, ngangkah soepados para wanita pikantoeke kamar-dikan lan panganggep ingkang pantes?? Red.)

Landrechter bangsa Indonesia.

Rechtskundige Soetan Zainoel Arfin voorzitter landraad ing Ngandjoek, kaangkat dados landrechter wonten Mr. Cornelis.

Boekoe saroe.

Kala 24 Febr. toewan W.B. ing Buitenzorg njoewoen dateng Resident loemantar serat soepados angawisi toko Keng Sin — Tjikeumeuh 8

njadé boekoe tijdschrift Pan, Parijsche Almanak lss. ingkang kapétang nama boekoe saroe. Toewan W.B. pikantoeke wangsoelan asoeraos bilih prakawis poenika sanget dipoen-gatosaken. Resident waoe oegi miterang dateng Justitie, sarta mratèlakaken manawi kinten-kinten boten kokoem oetawi sakedik sanget sagedipoen kokoem, aloewoeng boten dipoendamel prakawis kémawon. Nalika resident dados resident énggalan wonten ngrikoe, inggih sampoen angèngtaken, lan kala samanten sagah; nanging tètela bilih boten noehoni djandji, djer ing papan-papan sanès inggih wonten ingkang njadé boekoe waoe.

Gandèng kalijan prakawis ing nginggil, W.B. tjarijos: „Pantjèn inggih namoeng Justitie ingkang saged netepaken poenapa njadé boekoe-boekoe ing nginggil waoe kalebet ing planggeran poenapa boten. *Sadaja kémawon kedah ambijanten leberipoen pornographi*. Poenika dados wadjibing tjang sepoe lan wawakiling tjang sepoe, pakempalan-pakempalan sociaal, pers poenapadéné maatschappij. Sampoen katah rembag prakawis poenika. Sapoenika kedah ngatingalaken *tindak*. Mila manawi ing papan kita wonten kawontenan kados ing nginggil, (*langkoeng-langkoeng kanggé betahing anak-anak kita*). — *kita kedah toemandang sarosanipoen nge-lah prakawis waoe dateng Parèntah*. Manawi saking poendi-poendi, saking golongan pinten-pinten wonten kelah toemrap boekoe-boekoe saroe, Justitie mesti ladjeng boten badé kèndel kémawon.... (Mangga rembagipoen toewan W.B. ing De Koerier poenika pandjenengan tindakaken. Red.)

Tjjang mlebet kontrak soeda.

Manoet tjarijosipoen Aneta, wèk-

dal ingkang kantoen-kantoen poenika tjtjahing koeli kanggé onder-neming karèt ing tanah Djawi, ingkang bidal saking Tg. Prijoek soeda.

Adat saben doemoegi wantji kados makaten poenika, koeli ingkang noepak baita wonten Tg. Prijoek boten kirang saking 1800-2000 djiwa ing dalem sawoelanipoen. Mangka ing wekdal sapoenika boten langkoeng saking 600 djiwa, dados namoeng 1/3 nipoen.

Soedanipoen waoe kadajan saking mlorotipoen reregèn karèt.

Districtspostdienst.

Wiwit wiwitaning woelan Maart sadaja onderdistrik ingkang wonten plajanganipoen, tampi serat saha tjap bestelhuis saking pangageng post. Soeraosipoen: tjap waoe soepados kanggé ngetjap:

a) Prangko-prangkonong serat kintoenan limrah (serat partikelir); nanging boten kénging kanggé ngetjap prangkonong serat aangetkend, postwissel lan adreskaart.

b) Postzegel-postzegel kintoenan post partikelir, ingkang tanpa prangko oetawi kirang prangkonipoen, ingkang tinampi boten medal kantorpos oetawi kantor pitoeloengan.

c) Loemah ngadjeng (panggènan adrès) serat-serat dines ingkang badé kakintoenaken,

d) Loemah wingkingipoen sadaja kintoenan pos ingkang tinampi, boten pradoeli dines poenapa partikelir kadjawi serat-serat ingkang pantjèn kedah kaetjap wonten ing loemah ingkang ngadjeng.

Manawi badé dipoenseokani tanggal nalika tampi oetawi ngintoenaken, tanggal waoe kedah kaserat adapoer petjahan mawi mangsi.

MANTJA NAGARI.
SEPANJOL. *Primo de Rivera séda.*

Primo de Rivera tilas dictator Sepanjol kala 16 Maart séda. Anggènipoen séda wonten kamar hotel, poetranipoen sami ngleresi saweg sowan Grédja.

Primo mijosipoen kala 1871, poetranipoen maarschalk Primo de Rivera sepoe, inggih ingkang asring sineboet Markies ing Estala. Pandjenenganipoen seneng mlebet wonten kalangan militèr. Nalika saweg joeswa 30 taoen sampoen saged nglenggahi pangkat djéndral. Wiwit t. 1917 doemoegi 1921, Primo de Rivera djoemeneng Senator sarta mahjakaken pamanggih soepados Marokko dipoemardikakaken.

ITALI. Edda Mussolini patjangan.

Edda Mussolini, joeswa 19 taoen patjangan kalijan Galeasso Galeazzo Ciano poetranipoen minister Verkeerswezen, Edda poenika poetra Mussilini ingkang pambadjeng toer dipoentresnani pijambak. Edda Mussolini sampoen toewoek ndjadjah-ndjadjah, seneng sanget dateng sport, watekipoen loemoeh kerèh. Éwadéné pandjenenganipoen jakin sanget bilih wanita makaten papanipoen wonten ing balé-grija. Kala taoen kapengker Edda ndjadjah Sepanjol, dipoensewoeni pirsra kados-poendi pamanggihipoen bab kawontenan Itali lan lalajananipoen wanita kalijan politik énggal ing Itali. Edda paring wangsoelan: „*Wanita mono ora tjampoer apa-apa karo politiek; papané wanita ana ing omah.*”

ROESLAN. Salebetipoen minggoe kapengker ing Moskou wonten arakan „Anti - Sovjet - Predikers.” Ngarsa dalem Nata Vatacan dipoensawijah; ngrika-ngrika wonten serat-serat sebaran ngérag-ngérag Kg. S. Rama toewin Kg. Maha Biskop ing Canterbury. Ingkang toemoet arak-arakan boten kirang saking 750.000.